A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remove the watermark



ТОЛЫБАЙ ҚАБУЛОВ

# ПӘНДИЎ НӘСИЯТ

Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдач ______

...РППО «Союз» б/ф. 99-1-98
тир. 4.700,00, Р. П. Зак. Б-22

ТОЛЫБАЙ ҚАБУЛОВ



# ПӘНДИЎ НӘСИЯТ

*ул-қызларыма — жулдызларыма*

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1995

кк 2
к 13

Т. Қабулов. „*Пәндиў-нәсият*“ қосықлар топламы (ул-қызларыма-жулдызларыма) Нөкис: „Қарақалпақстан“, 1995, 100 б.

Қарақалпақстан халық шайыры Толыбай Қабуловтың бул топламына тийкарынан шайырдың соңғы жыллары жазған қосық-лары енгизилген. Оның бурынғы китапларының атларын айтып, оқыўшыларға мағлыўмат берип отырыўдың зәрүрлиги жоқ. Күн-деликли баспа сөз бетлеринде жий-жий көринип жүрген сүйикли шайырымыздың дөретиўшилик табыслары поэзия ышқыпазларына кеңнен таныс.

Бул топламға киргизилген қосықларды қысқаша тәриплеп отырмай-ақ, оны тутасы менен алғанда,—„Әдепнама“ сабақлығына қосымша қолланба қурал десең де болады.

Ал китап тилиниң сулыўлығы, ондағы шайырлық шеберлик-марапат ҳәм дәлиллеўди талап етпейтуғын аксиома.

Китап ... ҳәм
тағ...
№ 3935

$$\text{Қ}\ \frac{4702270201-217}{\text{М}-357(04)\ 95}\ 48-95$$

ISBN 5—8272—1556—2

© „Қарақалпақстан“ баспасы 1995

*Мейли, бай бол, гедә бол,*
*Сумлықсыз бол, сада бол.*
*Өз ақылым—өзиме*
*Жетеди,—деў—қәте ол.*
*АВТОР.*

## БАЛАМНЫҢ БАЛАСЫНА

Былай деп айтажақпан,
Баламның баласына:
—Жанғаның абзал, ҳақтан
Қалғанша жаласына.

Жалынып-жалпайма да
Тәғдирдиң шарасына.
Ал, соннан тал шайнасаң,
Түспеймен арасына....

Ҳеш қашан шекеленбе,
Келе бер расынан.
Әлемде аўыр зат жоқ,
Адамның гүнасынан.

Усыларды айтажақпан,
Баламның баласына.
Жанғаным жақсы, ҳақтан
Қалғанша наласына.

Пайдалы жай излеме,
Биреўдиң панасынан.
Суў көрсең, сайыз деме,
Кешпей сай-саласынан.

Бул сөзим барып жеткей,
Олардың санасына.
Атаға қарап өскей,
Баламның баласы да!

## ӘЙ, ПЕРЗЕНТИМ!

Әй, перзентим, саған пәндиў-нәсият,
Кисини сыртынан сайыўшы болма.
Сыйла устазыңды атаңнан зыят,
Ләбзи-ықырарыңнан тайыўшы болма.

94498

Уллы ҳәм қүдиретли күшлерди таны,
Ығбал-мәртебе деп билгейсең аны.
Саған дәўлет болмас атаның малы,
Мийнетсиз есаптан байыўшы болма.

Өзиңниң наныңды өзгелердиң сен,
Дәстурханларына салсаң, я жесең,
Демек, шайпалғаны сабырыў кесең,
Саў басты саўдаға салыўшы болма.

Әўел ата-ананың айтқанын тыңла,
Болар сонда сениң төрт жағың қубла.
„Ымға түсинбеген-түсинбес дымға",—
Деген насақ сөзге қалыўшы болма.

„Ат билер батқанын артқы айылдың",
Бирақ, заманы емес Қарабайырдың.
Бул журт сени улы дейди шайырдың,
Бос сөздиң басына барыўшы болма.

Қолдан келсе, жақсылық қыл адамға,
Шарапаты тийер ертең саған да.
Зор жигербент болғын келсе заманға,
Алғыстан басқаны алыўшы болма.

Адам өсимликтей көгерсе жерде,
Бир-бирине меҳрин төгерме бенде?
Тил тийгизсең ата-енеге егерде,
Мени түп сағам деп таныўшы болма.

Әй, перзентим, саған пәндиў-нәсият,
Өзиңди өзгеден санама зыят.
Өлимнен күшлидур ар-намыс, уят,
Зинҳар, панайына дарыўшы болма...

* * *

Аққан суўың байланса да сағаңнан,
„Ийт—етектен, жаў—алса да жағаңнан",
Жанталасып жасаў мүмкин, бирақ та
Айра түсиў аңсат емес Ўатаннан.

Айра түсип ата-журттан, ханлықтан,
Қол үзсең де қуўаныштан, шадлықтан,
Күнлер кеше бериў мүмкин, бирақ та
Безиў мүмкин емес ҳақыйқатлықтан...

* * *

Аўзында сөз турмайтуғын адамды
Аямаў керек...
Оны аўыр жынаятшы қатарлы
Жазалаў керек..
Кимниң аппақ болса егер ийманы,—
Азалаў керек.
Биймәни гәплерден мына дүньяны
Тазалаў керек...

* * *

Суўға кетип баратырғанда
Созылмаған қол,
Тал қарманып, шыққанда қырға,
Неге керек ол?...

* * *

„Керек тастың аўыры жоқ"... Адамға
Алтын, гүмис, қола, мыслар ҳәм керек.
Ертең исиң түспеў ушын жаманға,
Бүгин дизгинди берк услаў ҳәм керек.

Туўрылық та керек, дусмал да керек,
Арасында алжасқан да шеп емес.
Ай, жулдыз да керек, аспан да керек,
Керек емес заттың өзи көп емес.

Адамзатқа бәри керек, шынында
Аўысық нәрсе жоқ айлы-әлемде.
Жазым болып қалмаў ушын шыбын жан,
Нур менен тең жүриў керек көлеңке.

Жақсыға жантасып, жаманнан қашып,
Ҳеш қашан нәмәртке сыр айтпаў керек.
Қолдан келеди деп, қоныштан басып,
Бийгүнә бендени муңайтпаў керек.

Ең абзалы тыңлаў керек заманды,
Ол саған ҳәрқашан шынын айтады.
Қабақ тәрезиге салып шамаңды,
Ҳәтте әкеңниң де қунын айтады.

"Керек заттың аўыры жоқ" ...Адамға
Дос-яран да керек, душпан да керек.
Олар қайтпай турыў ушын табанда,
Қәдди-далды қатты услаўға керек...

* * *

Әкеңди көрген адам,
Шешеңди көрген адам,
Өлмесин,
ол-сен ушын
Өмирге келген адам.

Ол сени ҳүрметлейди,
Ҳәзирет я үлпет дейди.
Етиңен ет кессең де,
Ҳеш жаққа тырп етпейди.

Ол сумлық үйретпейди,
Бол ақылы-зийрек дейди.
Бийтаныс адам ҳәтте
Жығылсаң, түргелтпейди.

Әкеңди көрген адам,
Шешеңди көрген адам,
Өлмесин де деймен, би-
рақ,
Қудайдан қорқаман-ҳәм...



* * *

Душпаныңды душпан дей берме,
Бәлким, ертең дос болып қалар.
Дос кеўлинен шықсам дей берме,
Қәпелимде қас болып қалар.

Ғош жигитти жарлы деме сен,
Быйылдан соң гүнжи егер ол.
Ҳәтте душпаныңды жеңесең,
Тек тилиңе ғана бекем бол...

* * *

Көп адамлар көпшиликке өзлерин,
Керек етип баратыр.
Оған олар өзлериниң сөзлерин,
Дәрек етип баратыр.
Көп адамлар иси менен сөзлерин,
Бөлек етип баратыр.
Өзи менен турмай, олар өзгени
Ғәреп етип баратыр.
Сондадағы сегбир тартып көшлери,
Еле кетип баратыр..

* * *

Ҳайўанат бар: гөши-ҳарам, күши-ҳадал,
Сонлықтан, бәрҳа оның қысы-бәҳәр...
Бирақ, қанша арқасын қасысаң да
Арасында бас жибин үзип алар.
Питкен ақыл болмаса, сүрткен ақыл
Не болады, оның не қызығы бар?
Сонлықтан, айтып бәрҳа гәптиң ҳағын,
Тағы сен, қашырымларын түсинип ал?...

* * *

Жары жолда қосылған жолдас,
Жары жолда қалып қояды.
Оның менен шекленип қалмас,
Сырыңды ол алып қояды.
Еки жаққа айрылады жол,
(Жанға батар жағы-соярғы):
Сен бармаған мәнзиллерге ол,
Сеннен бурын барып қояды...

* * *

Адам қашан пайманасы
Толар күнин билмейди.
Олар соннан пайдаланып,
Бирин-бири күнлейди.
Егер, адам пайманасы
Толар күнин билгенде,
Турмас еди сандаласып,
Желкесине минсең де...

* * *

Жолаўшысы болмаса
Жол,
Неге керек ол?
Ўатан,
Өмир дегендеги
Айтажағым сол:
—Жолға шықса
Жолаўшыға, —
Жоллар яр болсын.
Мәнзиллерге апармаса,
Ол ҳәм бар болсын!



* * *

Сиз болайық, биз болайық,
Қамысты бос усламайық.
Жүрими бар жүз жасасын,
Оның несин қызғанайық?!
Қайтама биз қус болайық,
Қалыңға да дус болайық.
Бәрҳа алтын болыў қайда,
Арасында мыс болайық.
Қулласы: өз дәўириниң
Ийманлысы биз болайық...

* * *

Достыңның да досты бар,
Деген дурыс гәп.
Жақсыдан да жақсы бар,
Түсин, дурыслап.
Сөйлеп, қатты-қайырым,
Қалма ҳәлекке.
Досларды мен айырдым,
Еки бөлекке.
Биреўлерге кереги—
Мениң ҳәмелим.
Көбисине кереги—
Еле нәмәлим.
—Әне, нағыз дос деген! —
Десин басқалар.
Сырттан ядлап еслеген,
Нағыз дос солар...
Достыңның да досты бар, —
Деген дурыс гәп.
Мәрттен нәмәрт аз шығар,
Сана, дурыслап...

* *
*

Бир сөзли адам тегинликте
Өз сөзинен кайта қоймас.
Тураман тап кепилликке,
Ол—өтирик айта қоймас.
Ол—өтирик айта қойса,
Ар, уятын сақламайды.
Ал, сөзинен кайта қойса,
Өмир оны жакламайды.
Көп тынлап, аз сөйлегенлер,
Инабатын жойтқан емес.
Оған мәни бермегенлер,
Бундай гәпти айтқан емес...

* *
*

Хабарың бар: қайысып я налынып,
Жасағаным жоқ ҳеш кимге жалынып.
Сонда да мен қатарында халықтың
Киятырман еплеп тилге алынып.

Өмир деген аққан дәрья ақыры,
Оған бир пул жердиң ойы, тақыры.
Соның ушын ҳәр бир адам өзинше,
Дәрья болып ағыўына ҳақылы.

Бес бармақ тең болмағаны сыяқлы,
Тәбияттың нызамы да турақлы.
Тең салмақлық сақлансын деп әлемде,
Инәм етсе керек арды, уятты.

Айтсаң гейбиреўге гәптиң дурысын,
Өзиңе услатар жиптиң бир ушын.
Сондай ўақытлары көрген көздиң ҳәм
Еситкен қулақтың соры қурысын.

Достың да досты бар, дурыс гәп, балам,
Дурыс гәп дегенниң жарпы лап, балам.
Дүнья-кең, қуяш-тең болғаны менен
Адамзат әзелден алағат, балам.

Адамның ишинде болар аласы,
Жоқ оған ҳеш қандай пикир таласы.
Биреўлерге байлық болып көринер,
Екинши биреўдиң шеккен наласы.

Қулласы, дүньяның кеўли тоқ, балам,
Ол-ғыжлап турған бир қызыл шоқ, балам.
Аспанның астында, жердиң үстинде,
Өртенип жанбаған жүрек жоқ, балам.

Өмир деген қызық ойлап карасаң,
Илажың жоқ, барымына барасаң.
Шақаң менен мың болсаң да, бәрибир
Ўатаныңа жалғыз болып қаласаң.

Өмир-алтын, зер баҳасы қымбатдур,—
Деп оны ҳәр күни дүнья жырлап тур.
Ким қанша жасайды, қәйтип жасайды?
Шешилиўи мүшкил қыйын жумбақ бул.

Мениң сөзим—қәлем менен хат емес,
Бирақ, айтқаныңа алар зат емес.
Әкесине қарап өспесе улы,
Өсирген елге де жақсы ат емес.

Баланың атада ҳақы бар, балам,
Бул сөздиң тийинде „яғы" бар, балам.
Айланып келгенде, пәндиў-нәсият:
Алтын алма, бирақ, ақыл ал, балам...

* * *

Әкеси улына бақырып атыр:
—Атты көк суўатқа арқанла тусап.
Мен жылқыман болып жүриппен ақыр,
Сени ат шапсын деп, жигитке усап.
Әкеси улына шағынып атыр:
—Балам, аспан-алыс, жол-оннан узақ.
Ертең еки тойға шақырып отыр,
Өзиң көринип қайт, жигитке усап...

* * *

Әкеси улы менен
Дәрўаза қурып атыр.
Биреўлер шыны менен
Оны гәп қылып атыр.
"Мәпилик бул ғаррыға,
Неге керек дәрўаза?
Я бир турған жарқырап,
Машинасы болмаса?"...
Дәрўазаны қурды ғарры,
Исти шала етпеў ушын.
Ойнағанда ақлықлары,
Жолға шығып кетпеў ушын...

* * *

Анасы қызының қолынан услап,
Нықлап айтып атыр билген нақылын:
—Аз сөйле, саз сөйле, көп сөзди қысқарт,
Билип қой, қарыстан сүйем жақынын.
Өзиңнен бир көйлек бурын тоздырған
Адамлардың ақылын ал, ақыры,
Бул өмирде орынлық жоқ бос турған,
Қатты жаппа қайтып кирер қапыны...

Рәмәўзи мәлим болды гәпиниң,
Исте сынап көрежақ өз ақылын...

* * *

Сен оның миллетин сорама, бирақ
Биринши нәўбетте кәсибин сора.
Кеўилленген ўақта иштен ыңылдап,
Сүйип айтатуғын қосығын сора.
Кейин ким екенин аңсат билесең,
Ҳәм оның аңғысын аңлап билесең....

* * *

Ақылын тыңласаң ата-анаңның,
Бахытлы боласаң мәңгиге, балам.
Сен-ҳәм бир улысаң усы заманның,
Туўылған күниңди белгиле, балам.

Сол бир салтанатта мен ҳәм болайын,
Саған күш-ғайрат ҳәм илҳам болайын,
Лаўлап жанып турған гүлхан болайын,
Туўылған күниңди белгиле, балам.

Сол күнди қоңсылар күтип, санап жүр,
Қызлар қуўжыңласып, шашын тарап жүр,
Жораларың саўғаларын орап жүр,
Туўылған күниңди белгиле, балам.

Сыймай турған ўақта жүрек ханаңа,
Қайта-қайта рахмет айт анаңа,
Саған заўық берсин шадлы замана,
Туўылған күниңди белгиле, балам.

Сол күни шадланып-шалқып, толып қал,
Пүткил планетаны гезип, шолып қал,

Бирақ, мениң жигербентим болып қал,
Туўылған күниңди белгиле, балам.

Сен дүньяға келдиң мениң ушын ҳәм,
Туўып-өскен жериң, елиң ушын ҳәм,
Ўатан-өзиңдики, соның ушын ҳәм
Туўылған күниңди белгиле, балам.

Мен буны не ушын айтып отырман,
Сени руўхый жақтан байытып отырман.
Азба, әрманларын жойтып ағырған?
Туўылған күниңди белгиле, балам.

Алты жыл оқыдың Волга бойында,
Технолог-инженер диплом қолында.
Турған ҳеш қандай да гәп жоқ онында,
Туўылған күниңди белгиле, балам.

Жақсы жуўмақ шықса, жақсы сөзлерден,
Рәўшан нур дарып турар көзлерден.
Ата-ананы ардақлаўға сөз берсең,
Туўылған күниңди белгиле, балам.

Туўылған күниңди белгиле, балам,
Ата-анам рухсат берди де, балам.
Бирақ, туўылған күн салтанатында.
Есиңнен шығарма елди де, балам...

* * *

Көп жақсылық еттим мен көп адамға,
Биреўи болмаса, бири билер деп.
Ишки сырымды да айттым наданға,
Ийни келген жерде зейни илер деп.
Ҳәтте сыбағамды бердим соларға,



Ең болмаса, тилин тыйып жүрер деп...
Ақырсында келдим сондай қарарға:
—Басқа илажым жоқ, Ўатан—биреў тек!...

* * *

Көп адамға қосық арнап, мақтадым,
Бирақ, мақтағаннан пайда таппадым.
Қаҳарманым менен қосылып қайтама,
Унамсыз "дизимнен" шықты атларым.
Мақтағаным көп адамға жақпады,
Жақпағанлар маған күлип бақпады.
Жақсы көппе, жаман көп пе дегенге,
Мен не деўим керек, сондай ўақлары?

* * *

Көп жақсылық еттим мен көп адамға,
Бирақ, сол—алдыма қайтып келген жоқ.
"Жаў-жағадан, ийт-етектен алғанда",
Олар—ийтти көрди, мени көрген жоқ.
Сонда да дослардың дийдарларына,
Өзим тойған менен көзим тойған жоқ.
Көзим тойған ўақта, —Шап! —деп арына,
Аппақ көўлимдеги сезим қойған жоқ...

* * *

—Барма жүрек-баўры пүтин
Бул аспанның астында?
Деген сораў бердим бүгин
Бир ҳәзирети тақсырға.
Былай жуўап берди кескирт:
—Көкте бар зат, жерде жоқ.
Бир алладан басқа ҳеш бир
Баўры пүтин бенде жоқ.

Жүрек-баўыры пүтин емес,
Душпанның да, достың да.
Жан жоқ шығар жетим емес
Бул аспанның астында.
Мәниси сол: тастан қатты—
Болыўының бастың да...

* * *

Сонша аўыр жүкти көтерген адам,
Көтермеўи мүмкин бир аўыз сөзди.
Сөз келтирмеў ушын өзине ол ҳәм,
Тастың аўырлығын сезсе де, төзди.

Не ушын дегенде, билип қой, балам,
Журт жақсы сөз ушын жанынан кешти.
Бир аўыз сөз ушын Байсары бабаң,
Жийдели Байсыннан жат журтқа көшти...

* * *

Бердақтың "Балам" қосығын,
Қолыңа ал тағы, балам.
Ол—өмирлик қыс азығың,
Бул биринши жағы, балам.
Сен перзентим болған менен,
Ертең даңқың-дәўран менен.
Ата ақылын алған деген,
Несийхенин нағы, балам.
Еле өсип ержетерсең,
Түрли қыял тербетерсең,
Сонда мени айтты дерсең,
Ақыл-сөздиң ығы, балам.
Илажсыздың исин қылма,
Жанға жөнсиз қысым қылма.
Мени халыққан қысындырма,



Ақыллы бол, ҳақы, балам...
Пәндиў-нәсият-ақылым:
Алдыңда бар көп асырым,
Бердақтың "Балам" қосығын,
Қайта-қайта оқы, балам...

* * *

Әй, балам-ай, балам-ай,
Болагөрме шалағай.
Шетте қалып қоясаң,
Қулазыған даладай.

Әй, балам-ай, балам-ай,
Сегиз деме санамай.
Есиңде тут, ҳәр қашан
Жан шықпайды қанамай.

Әй, балам-ай, балам-ай,
Бол данышпан, данадай.
Өз сөзиңди өзиң айт,
Жан-жағыңа қарамай.

Әй, балам-ай, балам-ай,
Жүр жаманға жоламай.
Жолдасларың жалынып
Сеннен ақыл сорағай...

* * *

Адамларға етсең жақсылық:
Арттырғаның әжеп хош қылық.
Душпаныңды бағындырғаның,
Өзиңе ең жақын дос қылып.
Адамларға етпей жақсылық,
Шығарсаң сен егер, пәс қылық,
Пайманаңның толғаны, кейин
Ким көринген кетер бассынып.
Егер мәртке усағың келсе,
Арасында есаптан алжас.
Және узақ жасағың келсе,
Жаманнан-қаш, жақсыға-жантас.
"Телпегинде даўым бар" десе,
Мәжгүн менен мәжгүн бол-сен...
Алтын алма, алғыс ал, десе,
Бар өмириңди соған арна сен...

94498

* * *

Ең жақсы адамлар ертеде өтип,
Солар сабағында пискен бе деймен.
Еплеп, келгенлердиң бул күнге жетип,
Ебин-жорықлары бизлерме деймен.
Бизлерде де кемшилик көп: бир гәпти
Бирде жеңил, бирде аўыр көремиз.
Айырым ўақытлары жойтып инсапты,
Қурсақтың тойғанын мақул көремиз.
Ең баслы кемшилик соннан ибарат:
Бақпаймыз әлиптиң ақырына дейин.
Биреўди бир өмир жүрсек гүналап,
Жақсы еди деймиз өлгеннен кейин...

* * *

Көп тыңлаған адамлар данышпанды, дананы,
Бир көргеннен биледи боласынлы баланы.
Боласынлы бала да басқаларды үйретип,
Соңында өз сөзиниң тыңлаўшысы болады.
—Устазлары ким сонда, данышпанның, дананың?
—Айтқан пәндиў-нәсияты ҳәр бир ата-ананың.
Өмир-оған оппонент, ал, кеңессең көп пенен
Сенидағы белгили инсан етер заманың...

* * *

Биреў қарыз сорады,
Бермедим мен.
Қайта, ашып араны,
Терседим мен:
—Биреў ушын биреўжан
Бергеним мен.
Бул өмиримде ҳеш қашан
Көрмедим мен.



Ерликлер дөресин деп
Ертегимнен,
Онысыз да, бересим көп,
Бергенимнен...

* * *

—Балам, саған айтаман,
Тәкирарлайман қайтадан:
Ата сөзи-ақыл, сен
Оннан дурыс пайдалан.
Билесең бе, ол саған,
Ертең айдын жол саған.
Ата-анасын белине
Байлап жүрер қайсы адам?
Алсаң егер ақылды,
Болсаң егер ақыллы,
Бул өмирден бәрҳама
Аласаң өз ҳақыңды.
Нәсиятым: сол, балам,
Парасатлы бол, балам.
Болсаң, бол тек мәрт адам,
Болма бирақ жарты адам...

* * *

Балам, салып „көремиз"ге,
Ақмақ пенен ерегиспе.
Оны жеңдим деген адам
Мәлим емес еле бизге.
Ақмақ—ақылы кем болады,
Қолтығында жел болады.
Кегирдекке суў бүрккенше,
„Жеңилгениң" жөн болады...

* * *

Кисиниң кеўлин қалдырған,
Кисини ҳақтан жандырған,
Адамлардың не түри
Шығады еле алдыңнан.
Оларға сыр алдырма,
Бирақ, кеўлин қалдырма.
Көргениннен—көрмеген
Күн көп болсын алдында...

* * *

Еситтиң көп ертекти,
Ертек сени мәрт етти.
Унамлы ҳәм унамсыз
Ҳәдийсе көп жер-көкте.
Қабыл ет сен мақулын,
Жүрегиңе жақынын.
Басланған ис бәрҳама
Бергей бирақ ақырын...

* * *

Балам, бул адамның баслы байлығы:
Ар-намысы, сап ҳүжданы, бай тили.
Сол үш пазыйлетке қосылар тағы
Сөз бенен исиниң сайма-сайлығы.
Ҳәммеси жәмлесип талпынғаннан соң,
Мәртлерше жеңер ол барлық қайғыны.
Басқалар баталмай тартынғаннан соң,
Сол алмай, ким алар дейсең бәйгини?!
Узағына турса усы сыпағы,



Еле талай оңнан туўар ай, күни.
Қатарынан қалып саннан шығады,
Усы қәсийетлерин жойтса қай күни...

* * *

Балам, оның психологиясы,
Ҳәзир мисли ҳәррегенниң уясы.
Оннан үмит етпей-ақ қой, өйткени,
Уясына өзи зордан сыяды
„Қалай-қалай болып кетти заман?" —деп,
Аҳыў-зарын айтып жүрген адам көп.
Оларға да қосылмайды, өйткени,
Өзи аман болса болды оған тек.
Нәсиятым: билип бәрҳа шамаңды,
Шерт өзиңниң билетуғын намаңды.
Бир нәмәрттиң көз-қарасы бойынша
Баҳалаўшы болма, бирақ заманды....

* * *

Бәрин билмесең де, балам, соны бил,
Кемеге мингенниң болар жаны бир.
Ҳәр демиңе нан писсе де, сол нанға
Жаныңдағы жолдасыңды жары қыл.
Жаман айтпай жақсы жоқ, күн болғанда,
Режени сен аласаң бәри бир..

* * *

Талант-таўдан домаланып түскен бир,
Татлы жемис болса керек писken бир.
Алақанда тербеп оны үш мезгил,
Алдарқатып, кеўлин шад қылыў керек.
Қәлем-қағаз берип, усы наның деп,

Пидә болсын оған тәнде жаның деп,
Буған пәми алыспаса, оның тек
Устазларын излеп таптырыў керек.
Сонда айрылады ағы-қарасы,
Сонда қайрылады нағыз жан ашыр.
Айтыўшы да, тыңлаўшы да дана бул,
Пүткил дүнья буған тақ турыў керек...

* * *

Сорарсаң сен мынадай депте:
—Достың көп-пе, душпаның көп-пе?
—Достым көп! —деп айтатуғынлар
Көп болыўы заңлы әлбетте.
Ҳақыйқый дос маған қайсы адам?
Санап шығып, оны қайтадан,
Қуўанғанда қуўанғанлардың
Сан есабын кейин айтаман....

* * *

Адам деген әўел бастан,
Бир-бирине жер ҳәм аспан.
Бар нәкәс ҳәм, баўыры тас ҳәм,
Билип қойғаның жақсы.
Саўдасы бар өмирдиң көп,
Ғаўғасы бар кеўилдиң көп.
Көнликпесең, жеңилдим деп,
Күлип қойғаның жақсы.
Өзгелер шынтлап қоллайма?
Сөз бенен пәнтлеп алдайма?
Пәмиң жетпесе, маңлайға,
Урып қойғаның жақсы
Бул қосықтың барлық бәнти,
Келешектиң байлық кәнти
Өмир-гүрес. Сен ҳәм жеңди,



Түрип қойғаның жақсы.
Пәрәўан турмыс кеширсең,
Өмир-патша, сен-ўәзирсең.
Басқаны бир қал өзиннен,
Бийик қойғаның жақсы...

* * *

Ол заманнан бул заман,
Сүйеги жоқ тил жаман.
Тегинликте тилинен
Байланбаған инсан ҳәм.
Көкирекке урсаң ҳәм,
Көкти тиреп турсаң ҳәм,
Дурысын айт, оннан соң,
Не қылсаң ҳәм ырзаман...

* * *

Улым, итибар бер усы сөзиме,
Өмирден орын тап өзиң-өзиңе,
Өзгеге исенип күн кеширгениң
Усағаның оның көлеңкесине.

Ел ишинде ержетесең, еле сен
Көптиң бири болып жасап көресең.
Өмир ертең: — Орның кәне, жора?—деп
Сорап қалса, не деп жуўап бересең?

Өмир былай деп ҳәм сорайды сеннен;
—Қандай тилегиң бар, айт, әзиз бендем?
Аспанның астында, жердиң үстинде,
Барлық мүддәҳәң тек питеди меннен?...

Сен сонда өмирден не тилер едиң?
Бәлким, шапшып, айға секирер едиң..,

Мен сениң орнында болғанда, сонда
Өмирден тек орын өтинер едим.

Улым, итибар бер, усы сөзиме;
Өмирден орын тап өзиң-өзиңе.
Өзиңниң сөзиңди өзиң айтпасаң,
Көринбегениң ҳәм абзал көзиме...

* * *

Азамат атқарар ис көп, улым, сен,
Ол ушын бел байлап, жеңди түрин, сен.
Бас байрақты алмасаң да, бул жолда —
Жеңисликке жетемен деп урын, сен.

Азамат атқарар исгиң түри көп,
Бир жағында көрин көптиң бири боп.
Журтқа пайда тийдирмесең, жер басып—
Жүргениңниң кереги жоқ тири боп.

Ата-енеге хызмет етиў-қарызың,
Ҳәм миннетиң, ҳәм перзентлик парызың.
Хызмет етиў усылай деп, таўықтай
Ҳәўес етпе әлле кимниң тарысын.

Ең әўеле-түсин ел-журт парқына.
Опадар бол онын абырай, даңқына.
Елге қанша хызмет етсең, ертең ол,
Сонша ҳүрмет болып келер алдыңа.

Шийкилик шықпасын айтқан сөзиңнен,
Нийетиң көринип турсын көзиңнен.
—Халыққа қандай қалыс хызмет еттим?—деп
Саат сайын имтихан ал өзиңнен.



Азамат атқарар ис көп, улым, сен,
Ол ушын бел байлап, жеңди түрин, сен.
Усы жолда талпын алға! Тәўекел —
Сүринсең де, усы жолда сүрин, сен!

* * *

Атты көрип аяғын ҳеш талмасын,
Барыўың шәрт болса, жаяў жүрип бар.
Бирақ, кейин „сеннен болды“ болмасын.
Барғаныңша көкирекке урып бар.
Барғаннан соң сол қурақым жол басып,
„Қудай“ қорып отырса да кирип бар.
Қайтарында барған жолдан алжасып,
Жол ортада болмағайсаң гирипдар...

* * *

Излесең ҳақыйқатты
Табасаң ҳәр қәдемнен.
Мақул деп мақул гәпти,
Ҳағын айт ҳә дегеннен.

Ақты ақ деп, қараны
Қара деп айт, жасырма.
Жүзиң жарқын болады,
Исиң шаппас насырға.

„Қыя басқан қәдемиң,
Қырқ жылдан соң билинер“...

Деген сөз бар екенин
Тийек ет сен тилиңе.

Ҳақыйқатлық деген бул—
Жерде жатпас шашылып.
Ол —төрт мәўсим, қуяш, гүл,
Күтер сени асығып,

Излесең ҳақыйқатты,
Көресең ҳәр қәдемде.
Ҳәр қашан исен қатты,
Ҳақыйқатлық бар дегенге!

* * *

Өмир деген ибарат
Барқулла кескин гүрестен.

Қалдырма бирақ жаман ат,
Жақсы ат ушын гүрес, Сен!
Билип қой: Өмир бар жерде,
Ол ушын мудам гүрес бар.
Өмирди сүйген ерлерге,
Ҳәмийше оннан үлес бар...

* * *

Сен солдат болдың, демек,
Жигитсең елге керек.
Ол—мениң өмирдеги
Орнымнан берер дәрек.
Өсирип дәўир сени
Деди: — Өз жаўынгерим!...
Сен—Ўатан қалқаны ҳәм
Сүйенген таўым мениң!
Бул—мәртлик жол басқаным,
Байраққа ат қосқаным.
Көп пенен уллы тойға
Қуўанып қатнасқаным.
—Жасарсын адам жаны!
—Ағарсын жаҳан таңы!—
Деп, тирел турғандайман,
Мен мына планетаны...

* * *

Қандай жақсы, қулақтың
Еситкенин көз көриў.
Жақсы емес бирақта
Сөзге ерип өзгериў.
Сөзге ерип өзгериў —
Өзиңе тек сөз келиў.
Ҳүждан деген дәптерге
Дақ түскенин көз көриў.



* * *

—Жақсы адам деген қандай болады?
—Ол —жадырап турған таңдай болады.
Көкирегинде не бар—көринип турар,
Ақ жүзге жарасқан қалдай болады.
Өзи отқа жанып өртенсе де ол,
Өзгени қуўатлап, қоллай алады...
—Сонда, жаман адам қандай болады?
— Ол да атып турған таңдай болады.
Бирақ, бир қылығы артықмаш оның,
Ол тек өзин ғана қорғай алады.
Ҳәтте ол өзиниң қара басы ушын
Жақсы адамды да қорлай алады...

* * *

Бир адам бир адамға,
Шағынып жылағанда,
Жүрегим елжиремей,
Мен қарап тураман-ба?
Бир адам бир адамға,
Теппе—тең унағанда,
Бир өзим қос жүрекке,
Қарсылық қыламан-ба?
Бир адам бир адамға,
Мүшкилге жарағанда,
Жәрдемге қолды созбай,
Мен қарап қаламан-ба?
Бир адам бир адамға,
Күлимлеп қарағанда,
Мен пүткил планетаны,
Көремен алақанда!
Мен солай қылмағанда,
Сен ылғал урмағанда,
Ким сүйип, ким ийелик
Егеди бул заманға?

* * *

—Ийтлер неге түнде қатты үреди?
Күндиз неге көзи жайнап жүреди?
—Ол ҳаққында ийт сақлаған адамлар
Меннен гөре анығырақ биледи.
Себеби ол, ийтин жақсы көреди,

Ретинде изине де ереди.
Ийт ийесин ийти менен қыйнасаң,
Бул сораўдың болмай қалар кереги...

* * *

Ким екени көринип тур көзинен,
Сум екени сезилип тур сөзинен.
Оннан саған түсетуғын пайда жоқ,
Көлеңкеси аўыспайды өзинен.
Айтқан менен сөзиң кетер далаға,
Абзалы сен: сол наймытқа жолама.
Ким болса да, жақсы сөздиң қәдирин
Түсингенниң жанына жан садаға...

* * *

—Нағыз қарақалпақ қандай болады?
—Ол—қолға услаған нандай болады.
Келбети келискен, дийдары ысық,
Көргенде ҳеш мийриң қанбай қалады.
Мерекеде көрсе, үйге жүр,—дейди,
—Түнәў күнги тойдан пайың тур,—дейди.
Сәдде-сәдде етип, туўрап ириден,
—Онда өкпелеймен, өзиң бил,—дейди.
Ол дәслеп сорайды бала-шағаны,
Оннан кейин аўыл-елде ағаны,
Ер қәдеси үш дегенди умытпай,
Ҳәр бир истиң ақырына бағады.
Жақсылық болса, тек болсын—халқыма
Деп, барқулла умтылады алдына.
Мәнзилине жеткен ўақта ғана ол,
Бир қарайды қайрылып тек артына.
Беглигин бузбайды, барған сайын ол
Өмирден алады өзиниң пайын ол.
Егер ким халқына қыянет қылса,



Қолында қан болыўға да тайын ол.
Мақсет-мурадыма жетемен, дейди,
Жол излеп жүрмеймен, төтеден, дейди.
Қарақалпақ болып келдим-бе, демек,
Қарақалпақ болып кетемен,—дейди...
Нағыз қарақалпақ сондай болады,
Оған тил тийгизген оңбай қалады.,.

* * *

Ол жалынды, жалбарынды,
Мен қолымды бир силтедим,
Ол да мениң қолларымды
Қаққанларын билсин, дедим.
Сөзин айтты өлердеги,
Сонда да мен еримедим.
Өтқаным тек сол жердеги:
„Танымайман сени“ дедим.
Азап берген қалай екен?
Көзи менен көрсин, дедим.
Қайсы жағы қолай екен?
Өзи биле берсин, дедим...

* * *

Жақсы адам—асқар таў ҳәм алыс жол,
Оған жетиў—өмирбақый жарыс ол.
Ким жеңиске ериседи—нәмәлим,
Бирақ, елге перзент болыў— парыз ол.

* * *

Тек айтқанды ислеген адам,
Унамайды оншама маған-
Неге десең: ондайлар ертең,
Өз ҳөнерин асырып кем-кем,
Орнатады қулшылық заман...

* * *

Қайта қурыў, жаңаланыў десек те,
Көп антурған терис минип жүр ешекке.
Оны жолға саламан деп жүргенде
Гүллеп, гүлин төгип болар кесек те.
Ғарры түйе ерип атыр көшекке,
Өтирик зор берип атыр өсекке.
Мен солардың ордаларын бузсам деп,
Табан тиреп, турман еле гезекте...

* * *

—Жолбарыслар неге жекке жүреди?
—Оның жекке жүргенинде мәни бар.
Өзин қорғай алған соң өз жүреги,
Оған жақынламас жанлы жәниўар.
Жекке жүрип көп нәрсени утады,
Даўрық салыў ушын, дүсирлеў ушын.
Ол өзин бәрҳама аўлақ тутады,
Басқаның рууҳын түсирмеў ушын...

* * *

Биреўлер биреўлерге
Бийорын күлимлейди.
Ойнап көп „роллерде",
Қамыстай дирилдейди.

Сонда да шалкортадан
Түсип я сүринбейди.
Азабын мен тартаман,,
Оларға билинбейди...

* * *

Еле ержетесең, елди аралап,
Еситпегениңди көресең, балам.
Хәр нәрсеге ҳәўес етип қарап-ақ,
Еле мың муҳамға дөнесең, балам.



Еле талай сапар күйип-писесең,
Еле талай сапар сынға түсесең.
Нени әрман етсең, нени күсесең,
Оның назына да көнесең, балам.

Өмирде көп өзлестирген туўра гәп,
Бәрҳа жасаў мүмкин емес „ур-а" лап.
Бүгин салмақ жыйнасаң сен килолап,
Ертең центинерлеп бересең, балам.

Еле қысынысқалы күнлер туўар көп,
Басың таска тийип, сақтың сынар көп.
Гейде билмей қалып, дурыс шығар деп,
Шуғыл сөзлерге де ересең, балам.

Гейде пәтке минип, гейде шегинип,
Гейде ашыўланып, гейде сегинип,
Ҳәм көрип өзиңнин кейниңдегини,
Еле ақылыңа енесең, балам.

Қанша қалыс хызмет етсең халқыңа,
Ертең ҳүрмет болып келер алдыңа.
Мени айтты дерсең: тислем нанды да
Еле тең ортадан бөлесең, балам.

Бәлент болыў ушын ығбалың, бахтың,
Пайдалы ислерге жумсалсын ўақтың.
Қәдирине жетпесең қолда бар заттың,
Кейин масақларын тересең, балам,

Еле ержетесең, ел ҳәм жер көрип,
Бәлким, умыт болар барлық еркелик.
Басыңа түскенде еле бенделик,
Өзиң-ақ тәўбеге келесең, балам.

Мени айтты дерсең: айтқаным келип,
Еле дүзеледи кеткен қәтелик.
Биреў ушын биреўдиң назын көтерип,
Жүрген жанларды да көресең, балам...

## ГЕНЖЕ БАЛАМА

Айнанайын, генже балам,
Барлық үмит сенде,
балам.
Усы үйде не мазалы
Зат болса, тек сен же,
балам.

Тез ержетип сен де,
балам,
Саўлат бол бул елге,
балам.,
Ел-журт сени жақсы десе,
Жасараман мен де, балам.

Генжетайым, генже балам
Мийнеткеш бол сен де,
балам.
Мен жоқ ўақта, маған
қусап,
Мардыйғайсаң төрде
балам...

## УЛЫМНЫҢ ҮЛКЕНИНЕ

Саған көп бақыраман,
Саған көп шағынаман.
Улымның үлкенисең,
Илаж жоқ, не қыламан?!
Сен еле қаршадайсаң,
Сен еле шаршамайсаң.
Алдыңда асқар таў бар,
Сен еле арқалайсаң.
Мен сени көп жумсайман,
Қыйын ис тапсырмайман.
Өмирди усы бастан
Үйренсин деп жумсайман.
Жумсайман алысларға,
Сынақ ҳәм жарысларға.
Шәрт сениң ерисиўиң
Ерликке, табысларға.
Мен сени қатты услайман
Айтысып, тартыспайман.
Арыңды жастан сақла,
Әлпешлеп алғыслайман.
Қуўанба күнде-күнде
Үндемей жүргениме.
„Көпирде таяқ жеген
Түйениң үлкени де"...
Мен сени урмайман да,
Дәпинип турмайман да.
Мойныңа „мың машқала"
Артаман бир майданда.
Шығарсаң буннан
жуўмақ,
Болғаның маған урпақ!
Өзиңде болса гүна
Қалалмас ҳеш ким
қорғап.
Жаса тек ҳадал болып.
Өзиңе қатал болып.
Адамнан туўылдың ба
Мәңги қал адам болып.
Саған көп бақыраман,
Саған көп шағынаман.
Илаж жоқ, ата мийрас
Дәстүрге бағынаман...

* * *

Атқан таң—ақ шымылдығы жаҳанның,
Сахнасы әжайып гөззаллыққа бай.
Мен ҳәм тез атыўын күтемен таңның,
Алыс жолға атланажақ шофердай.
Өйткени мен, өрлеп өмир ағысын
Өзим көзим менен көриўим керек.
Оның рәң-бәрең ғайры нағысын,
Саған тез жеткерип бериўим керек.
Қуяштың гүмистей шапақларынан,
Қушаққа сыйғанша алыўым керек.
Ашылған гүллердиң додақларынан,
Гүлдәстелер байлап қалыўым керек.
Таңғы тәбияттың таза ҳаўасын,
Таңда тойғанымша жутыўым керек.
Жети ықлымға жетиў ушын ҳаўазым,
Умтылып, ўақытты утыўым керек...

## БУЛАҚ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Тиришилик болыў ушын турақлы,
Инсаният көриў ушын узақты,
Садаған кетейин сақый тәбият,
Бинят етсе керек дәслеп булақты.

Дәрьялар таўлардан саға алғандай,
Тарийхы бар булақтың да ҳәр қандай.
Дүньядағы уллылықтың барлығы,
Бир мысқал тамшыға тийкарланғандай.

Мөлдир булақ—ҳадаллықтың мысалы,
Ләбзи ҳалал жанды ғана қушады.
Оның даңқын жер—жаҳанге жеткерип,
Қуслар бәлент пәрўаз бенен ушады.

Ҳеш сулыўлық оннан басып өтпейди,
Өткен менен ол узақлап кетпейди.
Булақлардан басланған бул әлемди,
Тәриплеўге тил, қүдирет жетпейди.

Булақ көзи—жақсылықтың нышаны,
Гөззаллыққа қарай алып ушады.
Мәңги булақ болғаннан соң ана-жер,
Мәңги жәннет адамның да қушағы.

Тиришилик болыў ушын турақлы,
Ҳасыл етиў ушын мақсет—мурадты,
Садаған кетейин сақый тәбият,
Таўдан сырқып алса керек булақты.

Жүр, балам, тез атланайық сапарға,
Шадланайық, жетип үлкен топарға.
Алдымыздан булақ шықса, билип қой,
Демек, бийкар келмегенбиз жаҳанға.

Булақ суўы-әбийҳаят бийбаҳа,
Мегзейди ол шийрин жемис мийўаға.
Булақ болып жүрек-баўыры ийсин деп,
Инсанят келсе керек дүньяға...

Жақсы сөзге түрип мудам қулақты,
Жүр излейик, балам, сол бир булақты.
Оның ушын ис пенен сөз бир болып,
Ҳасыл етиў керек мақсет-мурадты...



* * *

Балам, дийхан—достың болсын жанажан,
Сонда исиң—раўаж, бахыт табасаң,
Дийханның перзенти болғаннан кейин
Билемен, әлбетте арға шабасаң.
Оған журт жапырылып тәжим еткенде,
Қалай сен бир шетте қарап қаласаң?
Зәрүр болып қалсаң бел я кетпенге,
Дийханнан сораўға мәжбүр боласаң.
Сонда, бул дүньяны бинят еткен де,
Усы дийхан ба деп, ойлап қаласаң...

* * *

Билип қой сен, базарда мың киси бар,
Мың кисиниң мың кисиде иси бар,
Алып сатар аўыз бетте отырса,
Аржағында олардың ул-қызы бар,
Саўдагердиң таўсылған жоқ „тақаны",
Шар базарда қыйыр-шыйыр изи бар,
Адам қәдирин арзанлатып, бақаны,
Баспалатып атырған да усылар...

* * *

Бир айтқаным болмаса,
Бир айтқаным келеди,
Адамларды сонда да,
Муңайтпағым келеди.
Бир айтқаным болмаса,
Бир айтқаным келеди.

Наданларға сонда да,
Сыр айтпағым келеди,
Бир айтқаным болмаса,
Бир айтқаным келеди.
Тынық суўды сонда да,
Ылайтпағым келеди...

* * *

Жағымпазды көрсем мен
Жанып кетким келеди.
Оны жанған өртеңге,
Салып кетким келеди.

Шын инсан ким,
дауысынан
Танып қалғым келеди.
Оны оттың аўзынан,
Алып қалғым келеди...

* * *

Еле жыллар жылжып, әсир өтеди,
Олар мурадыңды ҳасыл етеди.
Халыққа калыс хызмет еткен адамға,
„Алла жарылқасын“ несип етеди.
Барлық нәрсе өз орнына түседи,
Инсан әбийҳаят суўын ишеди.
Ҳақыйқатлық деген кәтиблер сонда,
Сениң атыңды да хатқа дизеди.
Соған дейинги ис—аңсат ис емес,
Жылтыраған заттың бәри мыс емес.
Ата журт—Түркстан болғаны менен,
Адамлардың бәри Алпамыс емес...

## АМАНБАЙДЫҢ ҮЙИ

Аманбайдың үйин излесең,
Табасаң.
Тек күйип—писпе сен.
Аңшылардай шикәрға шыққан
Рәўан бол қула дүзге сен.
Өткеннен соң „Орақ—Балға“дан,
Күшли самал есер арқадан.
„Бес төбе“ниң басына шықсаң,
Барлық тәреп—айдын жол саған.
Алдыңнан қум—таслақ шығады,
Таслақта тар соқпақ шығады.



Еки бойы еспе қум, оннан
Отлы ҳәўир лаплап шығады.
Жүрген сайын зейниң ашылар,
Қыялларға қыял қосылар.
Сексеўиллер жол силтеп саған,
Бәлент-бәлент қумнан асырар.
Алдыңнан көп жаплар шығады,
Жоңышқа атыз, бағлар шығады.
Түрли-түрли қанатлы „дослар“,
„Жүрек-баўрын дағлап“ шығады.
Көринеди жалғыз үй көзге,
Қоңысы-қоба жоқ яңлы өзге.
Бул үй—майлы бояўлар менен
Сүўреттей тап салынған бөзге.
Сени көрип, танып айнадан,
Қасқыр ийтин байлап қайтадан,
Ҳәм аўдаңлап алдыңнан шығып,
Аманласар Аманбай ағаң.
—Мениң ушын усы тәбият,
Қырқ мың қызыл алтыннан зыят!—
Деп Аманбай саған да бәлким,
Айтар бираз пәндиў-нәсият?..,
Аманбайдың үйин дүзде сен
Көрип, тағы күйип-писпе, сен.
Туўылған жер деген түсиникке,
Тәбияттан жуўап изле сен...
Жалғыз үйдиң жанында жаҳан—
Жәннет болып көринер саған.
Жүрип барған жолларың менен,
Күлип қайтыў—буйырған баҳаң...
—Дийдар несип ҳәмде дуз несип,
Көрискенше саў болың!—десип,
Хошласқан соң, Аманбай ағаң
Қасқыр ийтин қайтадан шешип,
—Мениң ушын мына тәбият,
Мың түменнен... бәринен зыят!—

Деп тағы да көринген жанға
Айтажақ көп ақыл-нәсият...

* * *

—Ҳәр ийниңе қос периште қонса да,
Билгишсинип, лалаўлама оншама.
Бенде деген—демде деген, қуўатым,
Арасында ғәриптен де жол сора.
Ретинде, ийни келген гезинде,
Тыңла оның пикирин де, сөзин де.
Сонда сен ҳәм дос—яранның алдында,
Дана етип көрсетесең өзиңди...

* * *

Адамлардың арасында жақсы да бар, жаман да бар:
Ол ҳаққында қанша ертек, қанша аңыз, легенда бар.
Әй, перзентим, билип қойғыл, сол адамлар арасында
Сен ҳәм барсаң, ҳәтте сениң байғус ата-анаң да бар.

Адамлардың арасында нәмәрт-те бар, надан да бар:
Олар кимлер? Ол туўралы өз ўақтында хабарланар.
Жақсы болыў, жаман болыў—тек өзиңе байланыслы,
Сабыр әйле, сәл шыдап тур, әдил баҳа саған да бар.

Адамлардың арасында ғошшақ та бар, жанан да бар:
Қасы—кәман, шашы—сүмбил, не бир мәҳийтабан да бар,
Оған сырттан ашық болып, аҳыў—афған шегип жүрген
Раҳиплерден қалғанлардын қаншасы бул жаҳанда бар!

Адамлардың арасында не бир дана адам да бар:
Олар пүткил дүньяда бар, олар ҳәр бир заманда бар.
Лекин, адам адамға—дос, дослық—бахыт дәўлет деген
Данышпанлық уран ҳәзир бизиң уллы Туранда бар...



* * *

Еки келер заман жоқ,
Тозбайтуғын табан жоқ.
Өмир деген қамқа тон,
Оған болған саған жоқ,
Бул дүньяның жүзинде,
Мәнги жасар адам жоқ.
Жақсы ат қалса изинде,
Соннан аўла баҳаң жоқ.
Қулласы кәлам: түбинде
Айтылады ҳадал гәп...

* * *

Ҳәммеге тең қағыйда:
Төгилиў бар, толыў бар,
Бул өмирдиң бағында,
Қустай ушып қоныў бар.
Зәрүр болған ўағында,
Жоқты жерден жоныў
бар:
Түбинде бир, жапырақтай
Ушып түсип, солыў бар.
Жаралған соң
топырақтан,
Және топырақ болыў
бар...

* * *

Айт сен ашық аспанға,
Жүрим берсин жасларға.
Әлем болар гүлистан,
Ҳәр бир инсан дурыслап,
Өз миннетин атқарса...

* * *

Ҳүрметли атағы жоқ екен оның,
Не деп жазыў керек қулпытасына?
Тәжирийбели қәтип тез таўып жолын,
„АДАМ“ деп жазыпты исминиң қасына.
—Адам екенлиги аян ҳәммеге,
Өзиң қалай-қалай қәтипсең?—депти.
—„Ийман жүзли“ дейин деп едим еле,
Әттең, асығыслық етиппен,—депти.
—„Әўели ийманлы—ийманлы“ ақыр,
Жарамайды мына жойбарың,—депти.

—Мейли, соңғы әўлад дүзетип оқыр,
Мен еле ноқатын қоймадым, депти...

* * *

Кеўлиң сүймеген адамға,
Көкиректи кең ашып болмас,
Кирген тикенди табанға,
Тағы қайттан басып болмас.
Той бар жерде—тамаша бар,
Жан бар жерде—жаназа бар,
Ким бар дәрттен арашалар,
Ҳеш ким оннан қашып болмас.
Ҳәр кимниң өз ақылы бар,
Ақылға сай нақылы бар,
Ҳәр нәрсениң ақыйры бар,
Бәрин хатқа жазып болмас,
Ҳәзир тал қарманар заман,
Азлық етер он бармақ ҳәм.
Дүнья деген дилбар оған,
Ҳеш ким мендей ашық болмас.
Көзинше жақлап, сыртынан,
Мақта оның ел-журтын ҳәм.
Айтқан сөзинде тур мудам,
Оннан артық дослық болмас.
Толыбай айтар, күйип-жанып,
Дос-яранды дурыс танып,
Жасамасаң ғурыжланып,
Қуры жаның—қосық болмас.

* * *

—Қашқан ҳәм „алла" деген,
Қуўған ҳәм „алла" деген.
Сол алла екеўиниң
Қайсысын қоллар екен?



—Мениңше, „бенденики"
Бәрқулла әрман екен.
Ойлаған ертеңгини
Еки пай болған екен...

* * *

—Саған қатты ашыўланып,
Өкпелесем, не дер едиң?
—Себеп пенен назырқанып,
Бир сигарет шегер едим.
—Оннан бетер қәҳәрленип,
Айбат шексем, не дер едиң?
—Фейилдиң үш мәҳәллерин
Түсиндирип берер едим...

* * *

Мейли жүрсин ол атлы я түйели,
Ҳәр ким өзи унатқанын сүйеди.
Соннан шығар, адамзаттың әзелден
Жан жолдасы болған жақсы нийети.

Соннан шығар, султанлардың, ханлардың,
Ҳеш ўақытта хорланбаған сүйеги.
Асықпай тур, солар жүрген жоллардың,
Жормалынан саған да пай тийеди...

* * *

Маған ол ҳаққында айтпа, олсыз да
Оның айтатуғын сөзин билемен.
Егер, тек тил менен орақ орғызса,
„Өлетуғын" жерди өзим билемен.
Маған ол ҳаққында айтпа оннан да,
Өзиңниң аўҳалың қалай, соны айт.

Биреў биреў ушын отқа жанғанда,
Қалай өшириўдиң аңсат жолын айт?...

* * *

Өзим менен өзим мен
Сухбатласқан гезимде,
Сыймай кетер ханама
Қайнап турған сезимлер...
Өзим менен өзим мен
Ойға шүмген гезимде,
Меннен сулыў сезимли
Жан жоқтай жер жүзинде...

* * *

—Сен қутлықлап ўазыйпанды атқардың,
Маған қалды аўыр жағы шоқмардың.
Шайырлық—бул суўлық пенен суў ишип,
Оқыранып турғанындай атлардың.
„Неге шайыр болдым?“ деп, мен дадымды,
Дуйым журтқа айтсам ба деп оқталдым.
Айталмадым, дәртти ишке жыйнадым,
Тас төбеме шықты гейде ийманым.
Өз жанымды өзим қыйнап—қыйқалап,
Қосық қылдым құшағыма сыйғанын.
Еле маған елдиң аўзын тыйыўға,
Неше ғары бөз кереги биймәлим...

* * *

Құранды мен қолға услап,
Көргеним жоқ өмирде.
Намаз оқып, көзди жаслап,
Табынбадым тәңирге.
Мен құранның сүрелерин,



Аятларын билмеймен.
Оны жазған ким екенин,
Ояқларын билмеймен.
Билемен тек адамларға
Бағыш әйлеп исеним,
Дин билмеген яранларға,
Салғанын өз кисенин.
Пәк болсын деп бенделердиң
Пазыйлети, ийманы,
Парасатлы пәнжелери,
Тежеп турған дүньяны.
Динине берк, намыс-арлы
Мәрт болсын деп мусылман,
Нешше дүркин әўладларды
Шығармаған қысымнан.
Нәтийжеде—елди шапқан
Қылыш, қанжар жоқ болған.
Ийменсызлар иллет тапқан,
Иймалылар көп болған.
Олар шарап ишпесе де
Тиллә, шыны кесадан,
Ер қәдеси үшке шекем,
Ийман тилеп жасаған.
Инсан болыў шәрт екени
Ҳаққында, ант ишилген.
Бирақ, олар мәртебени
Иймандa деп түсинген.
Таўға минген адам билген
Қайтып жерге түсерин.
Дин менен тең өмир сүрген
Ҳадаллық ҳәм Исеним.
Дини менен, шыны менен
Сүйсе халқын кимде-ким,
Халқы оны—Улым!—деген,
Қалған жағын билмедим...

* * *

Бурынғы өткен заманда,
Қәнәәт болған адамда.
Сонлықтан, барлық берекет
Дарыған солар таманға.
Қызбаған олар ҳамалға,
Кем-кемнен келген камалға.
„Қалыңға қусы түссе де“,
Түспеген иси жаманға.
Қалса да қанша қамалда,
Қалмаған онша обалға.
„Ғәриптиң жолы қайсы“ деп
Пул берип жүрген самалға...
Бурынғы өткен заманда,
Жасаған мениң бабам да.
„Өлимнен—уят күшли“ деп,
Табжылмай турған табанда.
Табжылмай турыў табанда,
Нәўбети келди маған да.
Билмедим, бәлким, бул қүдирет
Бар шығар арғы бабамда.
Болса да қайсы заманда,
Қәнәәт керек адамға.
Саған да соңғы әўладлар
—Бабам!—деп турса жаман-ба?...

* * *

Көзимди жумсам—кең дүнья,
Наз уйқыда жаткандай.
Көзимди ашсам—сол дүнья
Жағаласып атқандай.
Жақынлап өтсем жанынан,
Шалғайымнан тартқандай.
Өмирдиң қатаң заңынан,
Ким болса да қорыққандай.
Бир қысым болар ийманың,
Жақынларың—жатлардай.
Әзелден бул дүньяның,
Көкирегинде дәрт бардай.
Кешеги көрген бүгин жоқ,
Базарда мал сатқандай.
Адамлар маба ушын тек,
Байлап бақкан атлардай...
Көзимди жумсам—кең дүнья,
Еле көлбеп жатқандай.
Көзимди ашсам—бир дилбар,
Узатылып атқандай.
Бул дүнья қыз-жигитке,
Омыраўын артқандай.
Бирақ, арзыў-үмитлер,
Өз арбасын тартқандай.
Бул өмирде ҳәммеге
Жетерлик бир сыр бардай.
Мәрт болған соң бенделер,
Дүнья жасап турғандай...

* * *

Қалмасын деп қатар жигит өкпелеп,
Тапсырмасын орынладым төкпелеп.
Неге десең: көзлер көзге түскенде,
Күле шырай берип турар бет керек.
Әсиресе несийеден нақ керек,
Қала берсе, жаңылыспас жақ керек.
Бир мен емес, бәлким, пүткил дүньяның
Узақ жасаўы ушын усы гәп керек...

* * *

Қызлар деген—әжеп халық билип қой,
Олар—өмир дәрўазаға қулып ғой.

Оны хан ҳәм жеңалмаған, абзалы
Қыз қабағын үйгенде, сен, күлип қой,
„Қызлар—патша, жигит—ўәзир“ бурыннан,
Дүнья өзи „плансызлаў“ қурылған...
Бәлким, соннан болса керек, адамлар,
Өзи жаққан отқа өзи жылынған...

* * *

Бурынлары—келисип,
Тислем нанды бөлисип,
Жеп-ақ ата-бабалар,
Жасаған ғой оңысып.
Ҳәзир—күнде көрисип,
Жүрсек те қол берисип,
Қыйын екен дүньяда
Шылым шеккен бөлисип.
Өмир—өзи оңысық
Жасаў керек оңысып.
Қәпелимде достан да,
Қалмағаймыз қол үзип...

* * *

Әйнек көз салынды терезелерге,
Уста қатты шебер екен ҳөнерге.
Қол ҳақы сорады, тап сол заматта.
Қолына алды ол он бес манатты.
Хожейин қуўанар бир ис питкенге,
Ҳаялы тулланар ақша кеткенге.
Ери айтар.—Шүкир ет сен, оннан да,
Берген пулды назырқанбай алғанға...
Ҳаялы айтар:—Сен ҳәм уста болғанда,
Сол он бес манатың өзиңе қалғанда...

* * *

Бир келиншек орта жасар жигитке,
Аўзына не келсе, қайтармай атыр.
Айыплы ҳаял ма яки жигит пе,



Ашым-айрық анық байқалмай атыр.
Ҳаял бар ашыўын жыйнап бетине,
Жигитке: „Сен—ҳайўан, ешек“... деп атыр.
Жигит болса, жеңген есап дедиме,
Ҳаялды изинен кесеклеп атыр.
Жигит көзабаға атқан кесектен,
Ҳаял болса ҳасла тайсалмай атыр.
Жүреклер толса да сонша ҳәсиретке,
Олар муҳаббатын жойталмай атыр...

## БҮГИННИҢ ЕРТЕҢИ БАР...

Көп кеўил қалысса да,
„Мәш қырман“ алысса да,
Кек тутып, қияметлик
Қоңысыдан алыслама,
Бүгинниң ертеңи бар...

Жулдызың алыспаса,
Қаттыға барыспа да,
Ақыл—дос, ашыў—
душпан,
Ант ишип, нан услама,
Алмақтың бермеги бар...

Бес бармақ бирдей емес,
Барлық қыз ҳүрдей емес,
Жигиттин бәри шеттен,
Тилла таж кийген емес,
Бәриниң дәртлери бар..

Биреў жүк арталмайды,
Биреў жүк тарталмайды,
Кемеге мингенниң де,
Барлығы мәрт болмайды.
Оның да шәртлери бар..

Адамды алалама,
Жүректи жаралама,
Дүнья кең болған менен,
Ҳәмме тең болалама?!
Мәрттиң де мәртлери
бар...

Адамға жақсылық қыл,
Жақсылық хош
қылықдур.
Сақлап ол сулыўлықты,
Жаҳанды жас қылып тур,
Оның көп ертеги бар...

Хызметти қалыс сана,
Нәзер сал алысқа да,
Өмир бул—мәртлик
майдан,
Таяр тур жарысқа да,
Басыңда телпегиң бар...

Бүгинниң ертеңи бар,
Алмақтың бермеги бар.
Ким буған мәни берсе,
Дуўтарға перде болар...
Орны тек төрде болар...

*22-февраль, 1994-жыл.*
*Нөкис қаласы.*

## КЕЛИН ТОЙ

Декабрь айында келин түсирдим,
Қақаман қыс маған жаздай көринди.
Аталық парыздың парқын түсиндим,
Кеўлим—көлге қонған ғаздай көринди.

Бийлеп сонда мени бир әжеп сезим,
Мәрттиң сөзин айттым өзиме өзим.
Өзим тойған менен тоймай тур көзим,
Пүткил дүнья маған жастай көринди.

Идәралды ул перзентим үйленип,
Келиниме несийип етти бийкелик.
Сулыўлықтың өзи келип сүйкенип,
Қатты деген тас ҳәм бостай көринди.

Жаңа жыл алдында келин той бердим,
Келген қонақларға төрден жай бердим.
От жаққыш балаға еки пай бердим,
Барлық адам маған достай көринди.

Тойға келди дос-яран да, жора да,
Ҳәммеге ортақ сөз турды арада.
Ким күлип қараса, аўҳал сораса,
Сол маған иләҳий йоштай көринди.

Тәбият жаслықтың тойын тойлайжақ,
Оған нама қосып бүлбил сайрайжақ.
Демиме нан писип, қазан қайнайжақ,
Өмир—нар ийдирген саздай көринди.

Мен той берген күни күн ашық болды,
Соның өзи—үлкен қарасық болды.
Жас жубайлар—нағыз шын ашық болды,
Жаҳан—жылўа менен наздай көринди.

Усы күнди кудайдан көп тиледим,
Ҳақ жарылқап, қабыл болды тилегим,
Мейли, енди қақ жарылсын жүрегим,
Достымнан душпаным аздай көринди...

*30-декабрь, 1994-жыл.*
*Нөкис қаласы.*

## ҚЫЗЫМ, ТЫҢЛА...

Қызым, тыңла, саған ақыл айтаман:
Ата сөзи—ақыл, оннан пайдалан.
Елдиң миллий дәстүрине садық бол,
Ертең жүзиң жарқын болар айдан ҳәм.
Қызым, тыңла, тәкирарлайман қайтадан:
Анаңның ис усылынан пайдалан.
Хызметиңди халық унатса, өзиң де
Сол анаңа сан мың алғыс айтасаң.
Қызым, тыңла, тәкирарлап айтаман;
Халық нақыл-мақалынан пайдалан.
Сөзиңди журт мақуллаған ўағында,
Аппақ нурдай болып турар айналаң.
Мәрт табылса—табылады майдан ҳәм,
Бирақ та қаш, паяны жоқ пайдадан.
Усыларды иске асырып жасасаң,
Маған еле мың рахмет айтасаң...

* * *

Қызым, қосық ҳәм айт, қызларға усап,
Хорға қосып ҳәм айт, қызларға усап.
Бирақ, ийбе сақла, үркип, үрпейип,
Ушып-қонып турма қусларға усап.
Қызым, той ҳәм тойла, қызларға усап,
Қызып, ойын ойна, қызларға усап,
Бирақ, арқалама гүлли гүнаны,
Асқа татымаған дузларға усап.
Қызым, әдепли бол, қызларға усап,
Бахыт—сәәдетли бол, қызларға усап.
Бирақ, дық сақлама, досты баплама,
Иштен алатуғын ызғарға усап...

* * *

Қызым, қыз-жаўанды қызыл гүл дейди,
Өмир рәўшаны, бәҳәр бул, дейди,
Неге кешегидей кейпиң жоқ бүгин?
Кәнекей маған айт, саған ким тийди?
Яки сабағыңнан билмей қалдың-ба?
Тахтаға шыққанда үндей алдың-ба?
Соған арың келип, намысланып сен,
Журт күлген ўақытта күлмей қалдың ба?
Айт, кәнекей, аппақ қызым, ай, қызым,
Сениң кеўлиң болсын мудам жай, қызым.
Аспанда ай, жулдызлар бар, қуяш бар,
Әперейин, айт, қәлейсең қайсысын?

* * *

Пәндиў-нәсиятым: тыңлаң, қызларым,
Билиң, алда шашылажақ дуз барын.
Егер, дүнья абад болсын десеңлер,
Әдеп-икрам болсын уллы устазың.



Билиңлер, бүгиннен соң да күн барын,
Билиңлер, әлемниң қупыя сырларын.
Егер, ата сөзин уран етсеңлер,
Алла рәҳим етип, шашар нурларын,
Пәндиў-нәсиятым: тыңлаң, қызларым,
Билин, бәҳәр, жаздан соң гүз, қыс барын.
Жаҳан мәңги жайнап турсын десеңлер,
Дос болып, бас ийсин ҳәтте душпаның...

* * *

Дүнья, дүнья болғалы бул дүньяның.
Тилин билген, сырын билген бенде жоқ.
Он жеринен кәмил оған ийманым,
Сенде бар минез-қулық, бәлким менде жоқ,
Заманды айыплап сәл нәрсе ушын
Өзгелерди гүналаймыз. Тағы да
Қызғанып биреўдиң исин, үлгисин,
Итибар беремиз тек жаман жағына.
Ата-бабалардан қалған мийраслар,
Өзге планетаға ушып кеткен жоқ.
Оны қәстерлеўге интә, ықлас ҳәм
Меҳир-муҳаббаттың күши жеткен жоқ.
Өзимиз умытып обал-саўапты,
Оны перзентлерден талап еткенбиз.
Дегенлердиң „тәнде жаным кәбапты",
Жүрек-баўырларын қарап еткенбиз.
Сен бир өзиң емес рәўа қылмаған,
Елдиң миллий дәстүрине, динине,
Абад болар еди еки дүнья ҳәм,
Әмел қылсақ екеўиниң бирине.

* * *

Қыз баланың туўылыўы,
Бул—гүллердиң қубылыўы.

Дүнья мәнги жас болсын деп.
Дәрт ҳәм дәсме-дәс болсын деп,
Несиптиң зыр жуўырыўы...

Ул баланың туўылыўы,
Ақ шатырдың қурылыўы.
Мәрт пенен мәрт дос болсын деп,
Достың кеўли хош болсын деп,
Оттың отқа урыныўы...

Айдың оңнан туўылыўы,
Беттиң берман бурылыўы.
Қызлар—қызыл қырман болып,
Жигитлер—йош, илҳам болып,
Қуп жарасып турылыўы...

Адамзаттың туўылыўы,
Әлемниң мың қубылыўы.
Дүнья мәңги жас болсын деп,
Душпанлар ҳәм дос болсын деп,
Жаҳанға жар урылыўы...

* * *

Дүнья—қызық, әўел бастан,
Басты қатты еткен тастан.
Өгиздей тап қосқа қосқан,
Өмирди ол сүйреп келер.
Өмир—биреў, саўдасы—мың,
Ғаўғасы көп саў басының...
Бул бес күнлик ялғаншының
Жолы ийрек-ийрек келер,
Биреў—дәртли, биреў—бийдәрт,
Бәрин қоссақ—болар миллиард.
Нәмәрт мудам мәртти қыйнап,
Маған басты ий деп келер,



Сүйеги жоқ қызыл тиллер,
Бирде мақтап, бирде күнлер.
Сөзи менен иси бирлер,
Ақыллы ҳәм зийрек келер.
Дүнья—қызық, әўел бастан,
Сырлы әлем, тарийх, дәстан...
Сызығынан сәл алжассаң,
Кепин тоның кий деп келер.
Сен ҳәм жайнап турған нурсаң,
Мийнетиңе—өзиң қулсаң.
Лекин, күши ҳадал инсан,
Бул әлемге сийрек келер...

* * *

Қызлар қосық жазбағанда,
Басқа ҳөнер баслағанда,
Жуўап урып, жигитлерди
Отырғызып таслағанда,
Нағыз қосық болар еди,
Әлем ибрат алар еди,
Ким жуўаптан утылса, сол
Қосықтан жол сорар еди...

Қызлар қосық жазбай,
Қосық—
Айта қойса егер йошып,
Мине деген жигитлер ҳәм
Турар еди мойнын созып.
Журт жапырылып қарар еди,
Бүлбил гүлге қонар еди.
Ҳәр ким мәрттиң сөзин айтса,
Ҳәмме шайыр болар еди...

* * *

Нәсиятым: сыйлаң, ерли-зайыпты,
Оннан алып таслаң гүлли айыпты.
Неге десеңиз, бул кең дүнья олардың
Меҳир-муҳаббаты менен байыпты.
Оқып көриң жылнаманы, тарийхты,
Қудиретли де еткен солар-халықты.
Барлық ҳақыйқатлық бурын айтылып,
Бизлерге тек тыңлаў ғана қалыпты...

* * *

ФЕРУЗАҒА

Саған пәндиў-нәсиятым: Сен енди
Өзиң басқар өзиң минген кемеңди.
Өмирге қаншелли ашық болсаң да,
Қәйненеңдей сүй сен айлы әлемди.
Қәйненең де қатардағы Ана-ол,
Адамзатқа ақыл берген дана-ол.
Қара жерди қайра-қайра басқаның,
Ана берген әдалатлық ғана-ол.
Ол өмирге асығады алдағы,
Ғумша байлап, гүл ашады әрманы.
Қалай, қәйтип өлшесең де бәри-бир,
Тәрезиде тасты басар салмағы.
Тилеп ул ҳәм қызларының тилегин,
Атқарар ол аппақ нурдың ролин.
Қуяш болып жайнағаны емес пе,
Саған жаҳан етип отыр жүрегин?
Саған пәндиў-нәсиятым жәнеде,
Тил тийгизбе сол теберик енеге.
Тең салмақлық сақланғанда ғана тек
Суўда ҳасла қайырламас кеме де.
Қәйненеге қатты—қайырым сөз айтсаң,



Ҳәм сеники жөнсиз десең, ўаз айтсаң,
Сен боласаң Әмиў менен Аралдың
Булқып ағып турған суўын азайтқан...

* * *

Дүнья—дәслебинде сағыйра болған,
Кеўли—кең, бийпаян жәзийра болған.
—Не жақсылық болса, бендеме болсын!—
Деп ол әдалатлық жағында болған.
Адамларда бурын ақыл да болған,
Ақылға ылайық нақыл да болған.
Қәнәәт дегенге қарын тоймай тек,
Не бәләмат болса, жақында болған...

* * *

Бул өмирдиң барлығы
Қуралғандай қарыздан.
Айбат шегер ҳәр күни
Арысланға арыслан.
Көкте ушқан қуслар да,
Қанша ушса алысқа,
Пәрўазларын аспанға
Қалдырғандай қарызға.
Адамзаттың қарызы,
Ада болмас, тамшыдай,
Атаның үш парызы,
Қолға алған қамшыдай.

Яки қарыз бермеген,
Яки қарыз алмаған,
Ушырасса да шенде-шен,
Елге дәстүр болмаған.
Жалғыз өзи жүрсе де
Экватордың барысы,
Гүжирейген желкеде,
Жүргендей тап қарызы.
Бул өмирдиң барлығы
Ибараттай қарыздан.
Аңлып жатар ҳәр күни,
Арысланды арыслан...

* * *

Бир жигит гөне тамның орнын геўлеп,
Тырнақтағы тас гербишти алып атыр.
„Мәселе—тиришиликтиң ғамын жеў“ деп,
Бармағын балшыққа да малып атыр.

Жер астында женг болған тас гербишлер,
Жигиттиң барымына барып атыр.
Изейден иси питкен жас гербишлер,
Қуяш қағып, дүньяны таныл атыр.
Тас гербишлер тийелип тележкаға,
Таза қоныс—ҳәўлиге барып атыр.
Ол жақта да бир қора бала-шаға,
Биримлеп бортған қақшып алып атыр.
Гөне тамнын гербиши—таза жайға,
Пәп-пәкизе пәрдийўал болып атыр.
Жигит болса жер геўлеп қайта-қайта,
Геўлемеген жерин ҳәм қорып атыр.
Жигиттиң қолларында кирка, бел, лом,
Тас гербишти қопарып алып атыр.
Алған менен арқалап кеткен жоқ ол,
Дүньяныки дүньяға қалып атыр.
Тас гербишке тынлатып жүрек дәртин,
Жоқты ол жамбасынан жоныл атыр.
Бул мүшкилдиң барлығы—адамлардың
Өмирди сүйгенинен болып атыр...

* * *

Аңшының ийтлери айға үрмейди,
Айтта, тойда шапқыласып жүрмейди.
Ийесине унаў ушын умтылып,
Тумсығының уўылғанын билмейди.
Қоян қашса, қуслар ушса, ширенип,
Көкиреги көтерилер бир ели.
Атылған мылтықтың даўысын еситсе,
Жортып кегер тағы тимискиленип.
Гейде олар бирин-бири танымай,
Ырылдасар, тап олжаға жарыдай.
Қаншама қан сорпа болса да, ертең
Аңшыға қалады барлық абырай.
Биреўге жаранып, жарамсақланып,



Жасаған адамды не дейди халық?
Аңшы оған қанық... Бийшара ийтлер
Еле бир жуўмаққа келген жоқ анық...
Аңшының ийтлери айға үрмейди,
Айтта, тойда шапқыласып жүрмейди.
Басқаның тилегин тилейди, бирақ,
Сыбағадан бос қалғанын билмейди...

* * *

Бул дүньяның көп шадлығы, дәрти де,
Сол қуракым бар нәмәрти, мәрти де.
Дүнья абад болар еди, ҳәмме бир
Әмел қылса бенделиктиң шәртине.
Биринщиден: берк болса ол динине,
Оннан соң: жараса елдиң күнине.
Дүньядағы барлық иллетлер қашшан,
Кирип кетер еди шыққан инине...

* * *

Бағ малынса мийўаға,
Ийиледи шақасы.
Демек, оның дүньяда
Бар болғаны баҳасы.
Дәл сондай-ақ, жаҳанда
Баҳасыз зат жоқ екен.
Бирақ оның адамға
Қупыя жағы көп екен.
Баҳалардың не түрин
Түсинбей көп жүремиз.
Гейбиреўдиң қәдирин
Керек ўақта билемиз.
Кеўилдеги гәплерди
Гейде ашық айтамыз.
Я соннан-ба, көп жерде
Баҳаланбай қайтамыз.
Гейбиреўге сол ушын
Гейде жақпай қаламыз.
Жүрип өткен жол ушын
Қандай баҳа аламыз?
Жақсы баҳа алсам деп,
Гезсең де кең жаҳанды,
Төрелигин айтып тек—
Халық береди баҳаңды.
Жоқ ҳеш алып-қосарың,
Халыққа қулақ саласаң.
Өзиң болып жасадың,
Өзиң болып қаласаң.

Жер-жаҳанға жалынлап,
Шуғла шашып турсаң да,
Халық ҳүрмети—ҳақый-
қат
Баҳа болар инсанға!

Сыйланады сөзиң ҳәм
Қалмайсаң ҳеш басқыға.
Өз баҳаңды өзиң ҳәм
Билип жүрген жақсы-дә!..

* * *

Қызым, тыңла, нәсиятым тағы да,
Жүр мудамы журттың жүрген жағына.
Ал, қәнекей, Гүлайымдай қырқ қызды
Баслап барсаң "Миййалы"ның бағына.
Буннан шығатуғын жуўмақ мынадай:
Қыз қылығы менен халыққа унағай.
Ата-ана ушын артықмаш дәўлет,
Апақ-шапақ болса қуда-кудағай...

* * *

*(Меҳрибан қызыма)*

Ата-баба айтып кеткен ҳәммесин,
Ҳәм дүзеткен басқалардың қам сөзин.
Әдалатлық ушын ҳәттеки олар,
Тәғдирге тән берип, тиккен геллесин.
Соннан шығар, бул аспанның астында,
Бир-бирине усағаны бәршениң...

Ата-баба айтып кеткен барлығын,
Барлығының түп нусқасы бар бүгин.
Оқып көрип, мәни берип қарасаң,
Бул дүнья кеңге—кең, тарға—тар бүгин.
Дүнья дүнья болып турған сыяқлы,
Сап ҳүжданы менен намыс арлының...

Ата-баба айтып кеткен бәрин де:
Ҳәр ким патша, хан—өзиниң елинде.



"Қызым, саған айтаман" деп, қайтама
Бар ақылын берген олар келинге.
Ҳақыйқатлық еле турған сыяқлы,
Сол сөзлердиң келип қалған жеринде...

* * *

"Қызым, саған айтаман,
ал, келиним, сен тыңла" —
Деген терең мәнили
сөз бар дана халқымда.
Усы сөзди ким айтқан,
қашан айтқан, не ушын?
Ол ҳаққында ойланып,
толғанаман барқулла...

Мейли, бүгин бул сөзди
мен айтқын-ақ болайын,
Мейли, гүлли гүнаға
қалсам, мен-ақ қалайын.
Айтажағым: келинлер
келген қутлы жерине,
Даналығын халықтың
алып келгей илайым?...

* * *

Басыңа ис түскенде,
Берди саған қол ушын.

Болса да ол искенже,
Сүйиўиң шәрт сол ушын..

## ҚЫЗ ПЕРЗЕНТ

*(Қызым Зиядаға)*

Перзенттиң барлығы—перзент, бирақ та,
Қыз перзент көп еситилер қулаққа,

Таслар қақ айрылып, таўлар жол берип,
Әрўанадай ийген оған булақ та,
Бәлким, Ўатан деген өткир қылышты,
Солар сақлап келсе керек қынапта...

Оның қосығы көп, оның даўы көп,
Оның ашығы көп, оның жаўы көп.
Ҳаслы нашар болған менен олардың,
Жеңген душпаны көп, минген таўы көп.
Демек, түсиниў шәрт мына дүньяны —
Өтилген сабақтың тәкирарлаўы деп...

Қыздың билегинде билезик болар,
Жүрегинде жупар гүл өсип турар,
Ол ҳәр бир деминде, ҳәр қәдеминде,
Өмир менен табан тиресип турар.
Қатты қәҳәрленип қараған ўақта,
Пүткил планетаны бир есик қылар...

Гүлдей жайнап турган ўақта ҳүсини,
Қайтып бармағына түсер жүзиги.
Жүзиктиң қасына орнатылғандай,
Отыз еки периштениң пишини.
Қыз перзент деген бул аспаныў-зәмин,
Қалай түсинсеңиз, солай түсиниң...

Ол — жайнатып жағып өмир шырасын,
Ҳасыл етип атыр мақсет-мурадын.
Аспанның астында, жердиң үстинде,
Жан жоқ улығламас қыздың уранын.
Қызлар көп туўылып, мына кең дүнья
Айтсын адамларға гәптиң расын?...



## КАРА КЕМПИР

Автобуста Бозатаўға
Баратыр бир қара кемпир.
Саў басына салып саўда,
Сөйлетежақ ҳәр адамды:

— Қай нашарсаң, қай
баласаң,
Айып емес сораған бул?
Оған неге ойланасаң? —
Деп дәпинер қара кемпир:

— Сизлер емес Бозатаўды
Бағы-бостан етип қойған.
Алты қанат ақ отаўды,
Өзим гүмбирлетип қойған.

Сизлер емес, Әжинияздың
Бозатаўлы нәзәлими.
Айталмайсыз меннен
жақсы,
„Адыңнан"ды, „Дағ
әлини"..

Мениң тоғыз ақлығым бар,
Меники емес, алланики.
Ада болмас шадлығым
бар,
Ақлықларым — алма киби..

Зат қымбат деп, қуры
күйип,
Қайнатпаңлар жығырдан-
ды.

Шөпшек терип, кели
түйип,
Тартыў керек
дигирманды...

Тил тийгизбей көсемлер.
ге.
Жети өлшеп, бир кесиў,
керек.
Жақсы болыў ушын
ҳәмме,
Маған қарап өсиў керек.

Ел дегенниң ерлиги көп,
Барлық бәле — өзимизде.
Айтары бар, дерлиги жоқ,
Дәбдебели сөзимизде.

То—б—ба! Телпек кий-
генлерден
Көп болса, көп—жалаң-
баслы-
Үйренген соң
үлкенлерден
Қыз не қылсын қолаң
шашты?...

Автобуста Бозатаўға
Баратыр сол қара кемпир·
— Екеслиме, дени саўма?
Деп қарады ҳәр адам бир.

Кемпир қурып салтанатты,
Сөйлеп отыр бир бап
пенен.

Таслар қақ айрылып, таўлар жол берип,
Әрўанадай ийген оған булақ та,
Бәлким, Ўатан деген өткир қылышты,
Солар сақлап келсе керек қынапта...

Оның қосығы көп, оның даўы көп,
Оның ашығы көп, оның жаўы көп.
Ҳаслы нашар болған менен олардың,
Жеңген душпаны көп, минген таўы көп.
Демек, түсиниў шәрт мына дүньяны —
Өтилген сабақтың тәкирарлаўы деп...

Қыздың билегинде билезик болар,
Жүрегинде жупар гүл өсип турар,
Ол ҳәр бир деминде, ҳәр қәдеминде,
Өмир менен табан тиресип турар.
Қатты қәҳәрленип қараған ўақта,
Пүткил планетаны бир есик қылар...

Гүлдей жайнап турған ўақта ҳүсини,
Қайтып бармағына түсер жүзиги.
Жүзиктиң қасына орнатылғандай,
Отыз еки периштениң пишини.
Қыз перзент деген бул аспаныў-зәмин,
Қалай түсинсеңиз, солай түсиниң...

Ол — жайнатып жағып өмир шырасын,
Ҳасыл етип атыр мақсет-мурадын.
Аспанның астында, жердиң үстинде,
Жан жоқ улығламас қыздың ураның.
Қызлар көп туўылып, мына кең дүнья
Айтсын адамларға гәптиң расын?...



## КАРА КЕМПИР

Автобуста Бозатаўға
Баратыр бир қара кемпир.
Саў басына салып саўда,
Сөйлетежақ ҳәр адамды:

—Қай нашарсаң, қай
баласаң,
Айып емес сораған бул?
Оған неге ойланасаң? —
Деп дәпинер қара кемпир:

—Сизлер емес Бозатаўды
Бағы-бостан етип қойған.
Алты қанат ақ отаўды,
Өзим гүмбирлетип қойған.

Сизлер емес, Әжинияздың
Бозатаўлы нәзәлими.
Айталмайсыз меннен
жақсы,
„Адыңнан“ды, „Дағ
әлини“..

Мениң тоғыз ақлығым бар,
Меники емес, алланики.
Ада болмас шадлығым
бар,
Ақлықларым—алма киби..

Зат қымбат деп, қуры
күйип,
Қайнатпаңлар жығырдан-
ды.

Шөпшек терип, кели
түйип,
Тартыў керек
дигирманды...

Тил тийгизбей көсемлер.
ге.
Жети өлшеп, бир кесиў,
керек.
Жақсы болыў ушын
ҳәмме,
Маған қарап өсиў керек.

Ел дегенниң ерлиги көп,
Барлық бәле — өзимизде.
Айтары бар, дерлиги жоқ,
Дәбдебели сөзимизде.

То—б—ба! Телпек кий-
генлерден
Көп болса, көп—жалаң-
баслы-
Үйренген соң
үлкенлерден
Қыз не қылсын қолаң
шашты?...

Автобуста Бозатаўға
Баратыр сол қара кемпир.
—Екеслиме, дени саўма?
Деп қарады ҳәр адам бир.

Кемпир қурып салтанатты,
Сөйлеп отыр бир бап
пенен.

Сораў берсең, сол
замата,
Жууап берер бир гәп
пенен.

Сөзлери де сәдде—сәд-
де,
Айтты халық нақылларын:
"Мал мөңиреген макул
гәпке",
"Әўлийе өз жакынла-
рын"...

Қара кемпир—дана кем-
пир,
Болды сөйтип автобуста.
Ҳәм сөйлетип ҳәр адам-
ды,
Ийе болды „көп даўысқа"

Автобуста Бозатаўға
Баратыр бир қара кем-
пир.
Ақмақлықты жазалаўға
Атланған ба, бул жағы
сыр...

*10-май, 1991-жыл,*
*Бозатаў—Нөкис.*

## КЫЗЫМ ҚУМАРҒА

„Қыз өсер қарап анаға„...
Атасы да бир сөйлесин.
Сабақлап берди жаңа да,
Анасының ол ийнесин.
—Қызыма көзиң
тиймесин!

Үзилсе өзи тағады,
Көйлегиниң түймесин.
Үкелеринде бағады,
Заўықландырып зийнесин.
—Қызыма көзиң
тиймесин!

Сорайды ертек китапты,
Ядлайды гейде бир сөзин.

Көзлери маған усап тур,
Көрсетип терең ҳүрметин.
—Қызыма көзиң
тиймесин!

Ай қызым, генжетай қыз-
ым,
Көркейип өсер күнбе-
күн.
Жоқ шығар меннен бай
киси,
Ығбалым шығар бул ме-
ниң.
—Қызыма көзиң тийме-
син!

*5-октябрь, 1990-жыл.*
*Нөкис қаласы.*



## ҚЫЗЫ БАР ҮЙДИҢ ҚОСЫҒЫ

Қызы бар үйдиң қосығы,
Әне, қосық ҳақыйқат!
Көп оның шын ашығы,
Ол бийик таў—Гөҳийқап...
Жети асырым жерлерден
Жетип келер намасы.
Бир ғәниймет демлерден
Дөрелген-аў шамасы...
Терезеден түнлерде
Айға қарар бул қосық.
Тербелдирер гүллерди,
Нур үстине нур қосып.
Зейиндеги зийнедей
Оянады бул қосық.
Көзге сүрткен сүрмедей
Боянады бул қосық.
Бул қосық бир басланса,
Жайғаспас жай ҳәўижге.
Жулдыз жайнап аспанда,
Шомылар көк теңизге.
Тал түбинде турар ол,
"Кус жолы" на үңилип.
Барған сайын унар ол,
Нәзиклиги билинип.

Шар айнаның алдынан
Басланады бул қосық.
Елдиң дәстүр, салтынан
Йошланады бул қосық.
Бул қосық бир өмирге
Бағышлайды бахытты.
Заўық әйлеп кеўилге,
Услап турар ўақытты.
Бул қосықты айтпаған,
Тыңламаған адам жоқ.
Оған ийек артпаған,
Иләҳийда заман жоқ.
Өмир бар, бул қосық бар,
Ол ҳеш тамамланбайды.
Көп болса шын ашықлар,
Қосық қайта жаңлайды.
Қызы бар үйдиң қосығы,
Әне, қосық ҳақыйқат!
Сап жипектей созылып,
Таң киятыр жақынлап,
Қызы бар үйдиң қосығы,
Бул жаҳанның жаслығы,
Жақсы менен жақсыны,
Турар дийдарластырып..

## ҚЫЗЫМ МИЯСАРҒА

Сен, жақсы қызымсаң, жүзлери жарқын,
Билесең, елиңниң дәстүрин, салтын.
Соннан шығар бәлким, беглигин бузбай,
Қыздай ийбе сақлап киятыр халқым.
Сен, сулыў қызымсаң, шашлары буйра,
Сендей қызды еле туўған жоқ дүнья.
Жақсы перзент—пазыйлеттиң ағласы,

Екинши жаслықтың жалғасы—бул да.
Сен, өжет қызымсаң, өтирик айтпайсаң,
Өз пикир, өз ықырарыңнан кайтпайсаң.
Аз сөйлеп, көп тыңлап, китап оқыйсаң,
Тәсирли жерлерин терип ядлайсаң.
Сен, бахытлы қызсаң, ағаң, иниң бар,
Әжапаң, сиңлиң бар—қызыл гүлиң бар...
Мейли, мен қосықты соза бермейин,
Соза берсем, жаза берер түрим бар.
Мен ушын перзенттиң барлығы—перзент,
Маған қарап өссе, болғаны—ол тек.
Билемен, байлықтың, бахыт-дәулеттиң
Қайнар булағы ҳәм сағасы—сол деп.
Қызым, кеўлиң мудам жас болып турсын,
Жети ықлым оннан жасқанып турсын.
Дүнья студенттей дос болып, жаслық
Сениң қәдеминнен басланып турсын!
Бирақ, сағаң айтажақ бир ақылым:
Есте сақла мудамы халық нақылын.
Анасына қарап өссе қыз бала,
Бәнтин басар даналардың гәпиниң...

* * *

Қызларым, бир нәсийҳатым:
Айтын гәптиң ҳақыйқатын
Ананызға қарап өсип,
Жети өлшеп ҳәм бир кесип,
Келешекти жақынлатын.
Сон, өзлериң сөзлеринди
Өзгелерге мақуллатын...



# АШЫҚ АЙДЫН ҚОСЫҚЛАРЫ

## ДИЯРБӘКИР ЖУРТЫНДА

Сапар әйлеп Диярбәкир журтына,
Шаҳри Боссан деген әлемге келдим.
„Бенденди қоллайгөр өзиң бир қуда"—
Деп Ашық Айдынға сәлемге келдим.

Қолымды тийдирип қулпытасына,
Бир дәсте гүл қойдым пирдиң басына.
Түнеў ушын келген махбарасына,
Бир топар жигит ҳәм желеңге келдим,

„Зыяратың қабыл болғай, ғардашым,
Ашық Айдын пириң сени қолласын.
Болмасын дегенлер ҳасла оңбасын,
Илая, әўмийин" дегенге келдим.

Есабы жоқ зыяратқа келгенниң,
Өзин-өзи танып өмир сүргенниң.
„Мақтумкулы—сөйлер тили түркменниң"—
Деп хат жазып турған қәлемге келдим.

Көрип Шаҳри Боссан естеликлерин,
Көзге сүрме еттим теберик жерин.

Басларына шығып төбеликлердиң,
Тағы пиядалап төменге келдим.

Көрип Шахсәнемниң көшки сарайын,
Дедим „бир әрмансыз болып қарайын"...
„Мен сеннен айырылып қайда барайын?" —
Деп турған бау-бақша, ҳәремге келдим.

Гөруғлыбек айтса мәрттиң сөзини,
Мен оны тәкирарлап айттым өзине.
„Ақша қала" гүлдей болып көзиме,
„Тавризде" тарийхый тереңге келдим.

Түркмен ғардашлардың сазы—айдымы,
Болды кең саҳраның шексиз байлығы.
Он төрттен туўылған арыў ай киби,
Шуғла шашып турған шәменге келдим.

Қара қум қушағы, шөллер, саҳралар,
Саҳрайы мәрт халқын айтып мақтанар.
„Дүнья турса, дүрдана ҳәм сақланар" —
Деп турған қырқ шилтәр еренге келдим.

Дуўтарын сайратып даңқлы бақсылар,
Бас байрақты алды даўысы жақсылар.
Бәлким, Ашық айдын берген йош шығар,
Ғәрип ашық болып Сәнемге келдим...

Түркмен ғардаш мирәт етип шақырған,
Тойханаға келип, төрде отырман.
Кең саҳраға зордан сыйып атырған,
Кеўил сарай деген әлемге келдим...



## ТҮРКМЕННИҢ САЗ—АЙДЫМЫ

Түркменниң саз-айдымы,
Тыңласаң да қай күни,
Кеўилге йош бағышлар,
„Көк чай" киби,

Саҳра киби, сай киби,
Бир хош әжеп жай киби,
Асықтырар әрманға,
Аспандағы ай киби.

Түркменниң саз-айдымы,
Умыттырып қайғыны,
Туўлап турар талпынып,
Қысыр емген тай киби.

Ашық Айдын—ай, пири,
Жылаўдары — Жайҳуны,
Тегинликте басқаға,
Бере қоймас бәйгини.

Түркменниң саз-айдымы,
Еситсең де қай күни,
Елжиретер журекти,
Шопан шерткен най киби,

Халықтың саз—айдымы,
Умыттырса қайғыны,
Сол емес-пе, шынында
Бул әлемниң байлығы?!...

## АШЫҚ АЙДЫН ПИРГЕ

Ашық Айдын пирим, көтер басыңды,
Көп қонақлар келетуғын күн бүгин.
Дин мусылман танып нағыз ҳасылды,
Тилге зибан енетуғын күн бүгин.

Жетер енди жер астында жатқанның
Жетер ҳижран батпағына батқаның.
Көрип Шаҳри Боссанда таң атқанын,
Саҳрадан гүл теретуғын күн бүгин.

Пүткил түркмен ядқа билер атыңды,
Ҳәм қәдирлер меҳир-муҳаббатыңды.
Айтып журтқа сен ҳәм жақсы гәпинди,
Ҳақ пәтия беретуғын күн бүгин.

Көрип Диярбәкирдеги шадлықты,
Гөруғлыбек таўдан атын ғарғытты..

Дүньядағы барлық ҳақыйқатлықты,
Бәршеге тең бөлетуғын күн бүгин.

Той болажақ, тур орнықнан, тақсырым,
Тыңла, бәлент лапызларын бақсының?
Хызметинде қуллық етип жақсының,
Жанына жан беретуғын күн бүгин,

Дүнья деген дуўтардың қос тары бул,
Бири-ҳүждан, бири —намыс-арыдур.
Пир болсақ та, ким болсақ та, бәрибир,
Туўырысынан келетуғын күн бүгин.

Қудай берип, заман оңға айланды,
Ески сүрдеў сағасынан байланды.
Байрамларға уластырып байрамды,
Мың муҳамға дөнетуғын күн бүгин.

Биралар деп биримизди биримиз,
Өзимизге несип етти динимиз.
Өткенлерди ҳүрмет етип тиримиз,
Тәғдирге тән беретуғын күн бүгин.

Той басланды, бақсы шертип дуўтарын,
Тастыражақ Әмиўдәрья суўларын.
Көрип кең даланың қубылыўларын,
Қуяштан нур еметуғын күн бүгин.

Саз-сәўбетти тыңлап пүткил әтирап,
Аппақ нурға айланажақ ҳәзир-ақ.
Еркин нәпес алып, гүлдей жадырап,
Өсип және өнетуғын күн бүгин.

Ашық Айдын пирим, көтер басыңды,
Мустақил ел болдық, маңлай ашылды.
Гүл жайнатыў ушын усы әсирди,
Уллы көшке еретуғын күн бүгин.



## ТҮРКМЕНЛЕР

Басларынан қурашын,
Тасламайды түркменлер.
Айтсаң гәптиң расын,
Дос санайды түркменлер.

Айтсаң егер өтирик,
Саўыт кетер сөтилип...
Жалынсаң да өтинип,
Хошламайды түркменлер.

Болсаң да мәрт табанлы,
Билиўиң шәрт бабаңды.
Тегинликте адамды,
Мақтамайды түркменлер,

Адамларды алдасаң,
Қызыл тилди жалласаң,
Сени өмир аллада-әм,
Жақламайды түркменлер.

—Адамлардың ийманы,
Абад етсин дүньяны!—
Деп кеўлинде гийнени
Сақламайды түркменлер.

Ғаррыға да, жасқа да,
Тең болсын деп „Асса-
лам„,
Жақсылықтан басқаға,
Басламайды түркменлер.

Айтсаң Мақтумқулысын,
Артық болар ырысың.
Сөйлесең тек дурысын,
Дос санайды түркменлер.

## АЙ КӨРИНДИ

Алыстан ай көринди,
Жылға ҳәм сай көринди.
Айнала дөгерек-даш,
Қарасаң көзиң тоймас,
Хош әжеп жай көринди.

Алыстан ай көринди,
Толысқан бой көринди.
Алпамыс, Гүлпаршынлар,
Бир-бирине болып инкар,
Гүл-гүлине сай көринди.

Алыстан ай көринди,
Шабысқан тай көринди,
Арғымақ ат болажақ,
Байсынға жеткережақ,
Байсары, Байбөринди.

Ай төмен еңтерилди,
Туўылған жер көринди.
Аўылдың айналасы,
Жылғасы, сай-саласы,
Айналды шеңберинде.

Алыстан ай көринди,
Тәбият бай көринди.
Суў агар сайдан-сайға,
Сүйиклим, сен ҳәм тойға,
Тағып кел ҳәйкелинди.

Алыстан ай көринди,
Жылға ҳәм сай көринди,
Оларға көрсет сен де,
Кең етек, узын жеңли,
Пашшайы көйлегинди.

## ҚАҚАЖАН АҒА

*Көрнекли түркмен алымы, Қарақалпақстанлы тарийхшылардың үлкен досты Қақажан Мухаммедбердиевти көрип*

—Ассалаўма әлейкум, Қақажан аға?
Аманба, балалар, шақалар, аға?
Сонша аламанның ишинен айырып,
Ийнимизден неге қағасаң, аға?
Тарийхшы--алымсаң, Қақажан аға,
Қәне, гүрриң басла жаңадан, аға?
Неге көшип кеттиң бизиң Нөкистен?
Гәп ур, Ашгабаттай қаладан, аға?
Аўҳалларың қалай, Қақажан аға?
Шығып турма, китап, мақалаң, аға?
Сонша қонақ турып, Қаракалпаққа
Неге бунша күлип бағасаң, аға?
О, Қақажан аға! Қақажан аға!
Бүгин Әмиў болып ағасаң, аға?
Өзиңиз оқытқан тақыўа—тарийхқа
Тағы бир тархана тағасаң, аға?
Көрискенше хош бол, Қақажан аға!
Сәлем айт қоңсы ҳәм қобаңа, аға?
Ғардаш түркмен—қарақалпак дослығын,
Ашық Айдын болып баҳалаң, аға?!...

*29-август, 1993-жыл.*
*Шаҳри Боссан.*



# ХОРЕЗМ ҚОСЫҚЛАРЫ

## ХОРЕЗМСЕҢ

Дәрьядан өтсем
дарғадан,
Жәннеттей болар
Жер-жәҳән...
Алдымнан шығар мәрт
адам—
Хан дәрўазам-Хорезмсең.

Көргенлер шәҳәр
Хийўанды,
Болған дейдилер
ийманлы.
Ар-намыс ҳәмде
ҳүжданды,
Өлшейтуғын тәрезимсең.

Садық болып дин
исламға,
Тарийх жатыр түп
нусқанда.
Хат жолласам
Түркстанға,
Қағаз бенен қәлемимсең.

Талантларды излеп
тапқан,
Шайырларға кустай
қапқан,
Күнхожаға сарпай
жапқан,
Мәдирейим я
Мәдеминсең.

Әўез Отары зер киби,
Шайыр Самандар
Эркини,
Атқан таңларға ҳәр күни,
Берген тәңир
сәлемимсең.

Кәмилжаны,
Алмаханы,—
Еки дуўтар шарханалы,
Бармақлары тарханалы,
Ләйли, Зуҳра,
Сәнемимсең.

Мунис пенен Агаҳийди,
Мениң Бердақ бабам
сүйди,
Айдос бийди, Маман
бийди,
Таныған кең әлемимсең.

Медиресеси
Шерғазының,
Берди сөздиң зор
мағызын,
Әжинияздың лирасының,
Бағы болған бәҳәримсең.

Бир перзентиң Аман
Матжан,
Бағышлады саған дәстан.
Гүрлен, Шабат,
Ҳазарастан,
Асқан қутлы қәдемимсең.

Қосықдур өмир мазмуны,
Ҳәўижге салар саз буны.
Ойнаған ўақта
„Ләзги"ни,
Дирилдеген беденимсең.

Бир дәрьяның қос
жағысы
Тасқынлаған йош ағысы.

Көк шай ишкен кесе
алысып.
Бир перийшан
нәзәлимсең.

Дәрьядан өтсем
дарғадан,
Алдымнан шығар мәрт
адам.
Қыл өтпестей ҳеш
ортадан,
Ханаласым—Хорезмсең.

Сулыў саз ҳәм йошлы
нама,
„Тийсе, тийсин тек те
маңа"...
Сөзи-шийрин, өзи дана,
Айнымаған дәл өзимсең.

Бәрин айтсам хатқа
сыймас,
(Бир көзди бир көзиң
қыймас)
Бабалардың бизге мийрас
Еткен бағыў-ҳәремисең.

Дәрьядан өтсем
дарғадан,
Алдымнан шығар мәрт
адам.
Шерик намысқа, арға
ҳәм,
Жанымның бир
бөлегисең!



* * *

Суўын ишкен адам Әмиўдәрьяның,
Сөзсиз сол әтирапқа қайтып келеди.
Қалай келгенин ҳәм арзыў-әрманын,
Саған ол былай деп айтып береди:

—Саҳрада алдымнан бир кийик қашты,
Қуўалап, изинен ере бериппен.
Я мен қәтелестим, я ол алжасты,
Қызық-қызық пенен келе бериппен.

Ана-тәбиятқа, жулдызға, айға,
Ҳайўанат бир ата жақын-ба деймен.
Туўған жерди сүйиў жағын қалайда,
Солар сыйдырған-ба ақылға деймен?...

* * *

—„Ханда қырқ адамның ақылы болған",
Сол ақыл—халықтың нақылы болған.
Нақылсыз сөйлеген пуқарасын хан,
Дарға астырыўға ҳақылы болған.

Жақсы сөзлер—журтқа жипек жол болған,
Жипек жолда аз дәўлетлер мол болған.
Хорезмде данышпанның, дананың
Көп туўылған себеби де сол болған...

* * *

Хорезм журтына барар болсаңыз,
Бир қосық, бир ойын билип барғайсыз.
„Барды базарына„ салар болсаңыз,
Ләбиз ҳәм ықырарда турып барғайсыз.

Хорезм журтынан қайтар болсаңыз,
Шады-қоррам болып күлип қайтқайсыз.
Дүньяға дәдимал айтар болсаңыз,
Бир қосық, бир ойын билип қайтқайсыз.

Хорезм ҳаққында сөйлер болсаңыз,
Ҳәр сөзди сулыўлап, йошып айтқайсыз.
Миймanға мәрҳәмат әйлер болсаңыз,
Әмиўди, Аралды қосып айтқайсыз...

## БИР КЕСЕ ШАЙ ҮСТИНДЕ

Бир кесе шай үстинде,
Хорезмди билип аласаң.
Умытылған салт ҳәм дәстүрди,
Зейниңе тез илип аласаң.

Афандиниң латифаларын,
Еситип бир күлип аласаң,
Өмирбектиң айтсаң хабарын.
Лаққының тап бири боласаң.

Бир кесе шай үстинде,
Дүнья гүл-гүл дөнип кетеди.
Ашылысып гүрриңлескенде,
Бузаў „сени“ емип кетеди.

Бир кесе шай үстинде,
Сынақлардан өтесең үлкен.
Дуўшарласпай дәртке, мүшкилге,
Дана-дана болмаған бирден.

Бир кесе шай үстинде
Хорезмди билип аласаң.
Шаҳсанемниң тилләә көшкинде,
Ғәрип болып турып аласаң...

* *
*

Асфальт жолдың өне бойы тут,
Шақаларын жайып турады.



Барған сайын бояў қойылып,
Жер нағысқа байып турады.

Адамлары ашық кеўилли,
Ҳәр ўақ гәптиң ҳағын айтады.
Мақтап-мақтап дәслеп дәўирди,
Соң өзиниң бағын айтады.

Жигитлери жеделли бәри,
Жай тасындай жайнап кетеди.
Еситилсе „Ләзги“ лапэри,
Турған жерде ойнап кетеди.

Қызларының өрмек өргенин
Көрсең, көзиң илмей қалады.
Хорезмге қалай келгенин,
Ҳәтте қус та билмей қалады.

Қәриялары:—Керек болар,—деп,
Артық затын алып қояды.
Үйге мийман келип қалар деп,
Төрге төсек салып қояды.

Бул Хорезм—барған миймanды,
Көп тәшўишке салып қояды.
Кеўилдеги көп дәрттиң бәнти,
Басылмастан қалып қояды...

## ЯРЫМ, СЕН БИЛМЕСЕҢ...

*Кәмилжан Атаниязовтың жолына*

Яр, сениң қәўметиң қуяш, нур,жаҳан...
Басқа „баҳанды“ мен көзге илмеймен.
Бул дүнья кимлерди дәрўиш қылмаған?
Ярым, сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

Яғлы бәҳәр басланып тур өзиңнен,
Жақты жаҳан жасқанып тур көзиңнен,
Сонда, ким дөрелген сулыў сезимнен?
Ярым, сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

Илаҳийда уллы зат жоқ бенделен,
Яр ышқында өртенбеген шенде-шен.
Ашық пенен қосық теппе-теңбекен?
Ярым, сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

Ким турыўы мүмкин дүнья турғанша?
Қызыл гүллер солып, хазан урғанша?
Бир пәрше жүрекке керек нур қанша?
Ярым, сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

Сениң менен сайран етип жүргенде,
Ғумша байлап атырғандай гүллер де.
Ким бар кең жаҳанды гезип үлгерген?
Ярым, сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

Яр сениң дийдарың маған бир дүнья,
Патшадайман өзимниң ел-журтымда.
Бизден соң жас болармекен бул дүнья,
Ярым, сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

Бирақ та бир нәрсе бәршеге аян:
Мәңгилик материя жулдыз ҳәм, ай ҳәм...
Не ушын бул әлем бунша бийпаян?
Ярым, сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

Егер сен дүньяға келмегениңде,
Ҳалым мүшкил болар еди мениң де,
„Жан қалтасы" жаҳанның қай жеринде,
Ярым' сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

Билгеннен көп болса билмегенимиз,
Алда асырымлар тур дегенимиз.



Алғәрез; не өзи нур дегенимиз?
Ярым, сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

Сол нурдан бир-бирден алып қолларға,
Атланайық тағы алыс жолларға.
Арзыў-әрманлардың шеги болғанба?
Ярым, сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

„Ярым, жасың жетсин тоқсанға, жүзге",
Датхана алдында мәўлет бер бизге.
Дүньяда дәртли ким, мен бе, дәрўиш пе?
Ярым, сен билмесең, мен ҳәм билмеймен.

## ХОШ КЕЛДИҢ, ҚОНАҒЫМ

Хош келдиң, қонағым—әзиз миймамым!
Жаным қурбан болсын қәдди-далына.
Пейли ҳәм кеңлиги пүткил дүньяның,
Прожектор болсын алдыларыңа.
Сен—атамнан қалған исми-шәрипсең,
Хош келдиң қонағым, сапа келипсиз!

Мир Әлийшер Наўайыны устаз деп,
Сөзин таўап еткен бабам Бердақлар.
Өзбек—өз ағам деп, бирақ, бул аз деп,
Қысты—бәҳәр еткен қарақалпақлар.
Сен—тарийх, „Шар китап", қосық, тәрипсең,
Хош келдиң қонағым, сапа келипсең!

Бәримиз бир Түркстаннан атланып,
Жийдели—Байсынды жайлаған елмиз.
Алысқа—ат, ал, жақынға—хат салып,
Талай тойды бирге тойлаған елмиз.
Сен—фольклоршунас Ҳади Зарифсең,
Хош келдиң қонағым,сапа келипсең!

Хош келдиң, қонағым, әзиз миймамым!
Жаным қурбан болсын қәдди-далыңа.

Бүгин еки бойы Әмиўдәрьяның,
Әбийҳаят болсын алдыларыңа.
Сен—ата-бабамдай алтын ҳәрипсең,
Хош келдиң, қонағым, сапа келипсең!

* * *

Қарақалпакстан бул—әжайып дияр.
Қушағы—жәннетдур, халқы—бахтияр.
Бердақ—Наўайыдан саўат ашқан соң,
Аржағын айтыўға қәжет жоқ шығар?
Түркстан—түп саға болғаннан кейин,
Ташкент—тәнде жаным демей, не дейин?

Бизлер—бир дуўтардың еки тарымыз,
Бир шақаның миййўасымыз—бәримиз.
Омар Ҳайям жазған гүлал сықлы,
Бир жерден алынған топырақларымыз.
Бизлер—тырнақ, еттей тутас денемиз,
Сол сымбатты сақлап турмыз еле биз.

Бирадар деп биримизди биримиз,
Өзимизге несип етти динимиз.
Қайтадан тикленип халық дәстүри,
Статусын алды ана тилимиз.
Бир—биреўге аға-ини. инақпыз,
Қайнаўытлап турған зерне булақпыз.

Әдалатлық аппақ нур болып бүгин,
Шыйратып тур уллы дослықтың жибин.
Ташкент—Нөкис атып турған таң болып,
Мәңгилик етип тур мустақиллигин.
Хорезм—ханалас болғаннан кейин,
Оны тәнде жаным демей, не дейин?..,

*1992-жыл, сентябрь*
*Үргениш—Нөкис.*



## ИЗБАН „ҚАРАҚШЫ„

*(баллада)*

*(Халық аўызында халықтың батрак белсендилери Избанның баласы жатқан бесиктиң қаўызы ушын қойған кепек тарысын „ҳүкимет ушын" деп тартып алғаны ҳаққында айтылады...)*

*(„Еркин Қарақалпақстан" газетасынан)*

Бир өгиз урланды. Палкер пал ашты.
Дәрҳал палға түсти „Избан қарақшы".
Избан ким? душпан ким? парқын түсинбей,
Аспан—жерге, жер—аспанға қарасты.

Избан емес екен өгиз урлаған,
Урлық дегенди ол кәсип қылмаған.
Сонда да көп аўыз көп сөйлеп, тағы
Жазылған жараның аўзын тырнаған.

Шынында, ким өзи Избан қарақшы?
Ким берген оған көп қарыў-жарақты?
Ол нени урлады, кимди хорлады,
Ким-кимниң нәзерин төмен қаратты?

—Тарийх дәстанлардың қара дақлары,
Анықланып атыр соңғы ўақлары.
Әдалатлық ушын айқас сықлы,
Избан қарақшының тутқан бағдары.

Аўылдың батрак белсендилери,
Бәршени толқындай теңселдиреди,
Избанның үйинде бир сапар олар,
Тары салып қойған керсен көреди.

„Ҳүкимет ушын" деп хатлап тарыны,
Тартып алып барлық дүнья-малыны,

„Халық душпаны", „Сталинге қарсы" деп,
Аяқ-асты қылған намыс-арыны.

Қаўыз кепеклерин алған бесиктин,
Жаўызды сен қай аўыздан еситтиң?!
Оны көрген ата-ана әлбетте,
Қала бермес қапталында есиктиң.

Қаўыз кепек себеп болып бәрине,
Избан минген бедеў аттың белине.
Тартып алған олай емес былай" деп,
„Пашшапларды тыққан шыққан жерине.

Жүрип ол қарсақлар жүрмеген жолдан,
Перзентин қорғаған қәпестен, тордан.
Батрак белсендиге ғәзеби артып,
Мәжбүрий түрде ол қарақшы болған.

Ол елдеги озбырлыққа көнбеген,
Аспан-зәмин ҳәмме ушын тең деген,
Қаўыз кепек ушын, перзентим ушын
Қасарысып қан аламан мен деген.

Күндиз ол панaлап қалың тоғайды,
Қараңғы түсиўден қардай борайды,
Өзине кас деген адамды аңлып,
Услап алып қанжығаға орайды.

„Ҳүкиметте" болып қасты-ғәрези,
Өзин хорлағанға дәкки береди.
Зорлық-зомбылықтан жәбир көргенлер
Избан қарақшының изине ереди.

...Қайттан оқып шығып ески тарийхты,
Дурыс түсинейик дийдар-ғайыпты,
Егер, ол ҳақыйқый қарақшы болса,
Оған Избан емес, заман айыплы.



Оған жаў-жарақты ким берсе, ол да,
Қарақшы болмайма? Душпан ким сонда?
Инсан жүз мың жасар еди, егерде
Дүнья Избан ойлағандай болғанда?

Ол перзенти ушын түсип отларға,
Таңылған ҳәр түрли жаман атларға.
Намысына тийсе наҳақ бенденин,
Инсан ушын оннан үлкен дәрт барма?

Дәрти—перзентиниң өмири болған,
Онда сап жүректин ҳәмири болған.
Өзине қаслық еткен нәмәртлердиң ол
Омыртқа сүйегин омырып алған.

Мәни берип сөзге итибар қылсаң,
Тарийхта бундайға мысаллар—мың сан,
Өз перзенти ушын өлимди жеңип,
Оннан да зорына көнген бул инсан...

Өткен иске салаўат деп оннан да.
Асығайық алдағы зор әрманға.
Перзент ушын жаны паяндоз елде,
Не болыпты бир қарақшы болғанда?

Тарийхлар тастыйықлап ақты-қараны,
Бул күнге жеткерди жаңа эраны.
Избан қарақшыма, яки жақсыма,
Ашым-айрық еле анықланады...

* * *

Уллылықлар болсын ураның, дослар,
Ҳасыл болсын мақсет-мурадың, дослар,
Перзент ушын жан берипти дегенди
Еситсеңиз егер, инаның, дослар!..

*Ноябрь, 1992-жыл*

## БУЛ ӘЛЕМДЕ ОННАН УЛЛЫ ЎАТАН ЖОҚ

*Өзбекстан—келешеги бийик ел*
*Ислам Каримов*

Өзбекстан—келешеги бийик ел,
Бул әлемде оннан уллы Ўатан жоқ.
Сол Ўатанды шын жүректен сүйип көр,
Бул әлемде сеннен жақсы адам жоқ.

Шәҳәр Ташкент—шын дослықтың қаласы,
Шырайына шырай қосар даласы.
Сулыў саздай сыңсыған сай-саласы,
Бул әлемде буннан жақсы жаҳан жоқ.

Наўайыдан басланған соң даналық,
Пүткил дүнья тәжим етер тән алып.
Мийман келсе, күтип алар нан алып,
Бул әлемде наннан уллы тағам жоқ.

Қатты кеткен адам қорқып Қудайдан,
Тәубе қылып, қайтады тез райдан.
Қоллайтуғын шығар бәлким Қудай-әм,
Бул әлемде оннан артық Қаабам жоқ.

Беруний, Шаббазда шуғла шашқан соң,
Бул әзиз топырақта қәдем басқан соң,



Бердақ, Наўайыдан саўат ашқан соң,
Бул әлемде басқа пуштыў-панам жоқ.

Молла Зийўар тәлим алып Хийўада,
Хат танып, хат жазған гүл ҳәм зийбаға.
Бир өзи—бир жаҳан, сөзи—бийбаҳа,
Бул әлемде оннан уллы данам жоқ.

Жарып шығып қоршалаған қурды биз,
Мийрас еттик Мустақиллик нурды биз!
Дин ислам—Түркстан—ата журтымыз,
Бул әлемде басқа ата-бабам жоқ.

Қара таўда байлықтың көп кәни бар,
Әмиў, Сырда әбийҳаят палы бар.
Мөҳмин, ийман жүзли адамлары бар,
Бул әлемде буңдай мәнзил-мәкан жоқ.

Еллерим бар Әжинияzлар мақтаған,
Көллерим бар журттың мәпин жақлаған.
Елди сақлап, ел хызметин ақлаған,
Бул әлемде Аралымдай Арал жоқ.

Нөкисим бар нур, липасқа бөленген,
Тахияташта гүмис болар көленкең...
Ғәрезсизлик нур шашып тур төбеңнен,
Бул әлемде буннан жақсы заман жоқ.

Улығбектиң жулдызлары жол силтеп,
Не жақсылық болса, журтқа болсын деп,
Жарқырап тур, жаҳан нурға толсын деп,
Бул әлемде оннан артық камал жоқ.

Өзбекстан—келешеги бийик ел,
Бул әлемде оннан уллы Ўатан жоқ.
Сол Ўатанның ышқында бир күйип көр,
Сеннен жақсы, сеннен дана адам жоқ...

## ЕСТЕЛИК АЛДЫНДА

О—ҳ—о, мына естеликти ким қурған?!
Ким қурса да, нур үстине нур қылған.
Инсанлардың ықласына рахмет,
Кебир ашып жатқан жерди гүл қылған...

Нөкистеги уллы Бердақ гүзары,
Жаңа-жаңа гүзар жолға усады.
Улығбектиң естелиги—минекей,
Мустақиллик берген демниң мысалы...

Гүзар жолда дусласқан қос данышпан,
Жулдызларды нәзерлеп тур алыстан.
Бул естелик—дин мусылман дүньясың,
Қутқарғандай мойнындағы қарыздан.

Бердақ бабам барып оған сәлемге,
Даналығын мегзетип хаг-қәлемге,
Ғәрезсизлик дегенниң түп мәнисин,
Түсиндирип турғандай тап әлемге...

О—ҳ—о, мына естеликти ким қурған?!
Ким қурса да, нур үстине нур қылған...
Өз ағамыз—өзбекке көп рахмет,
Уллылыққа Улығбектей умтылған!

*5-октябрь, 1994-жыл*

## ТӨРТКҮЛДЕН БАСЛАНАДЫ

ениң Қарақалпақстаным
эрткүлден басланады,
ыңласақ тарийх, дәста-
нын,
экирегиң йошланады.

Әзелден бул диярдың,
Баҳадыр болған халқы,
Мийнеткеш инсанлардың,
Әлемге кеткен даңқы.

Шығарған елдиң атын,
Аңызы, ертеги бар,
Көп жыллық мәдениятын
Көтерген Келтеминар.

Қызлары Гүлайымның,
Ханалас сиңлилери,
Көрсеткен олар сан мың
Мәртликтиң үлгилерин.

Ақылға уғрас болып,
Жерлер гүл дөне берген,
Мәртликлер мийрас бо-
лып,
Бермаған келе берген.

Еситсем елимдеги
Ертек ҳәм әпсананы,
Шадлығым кеўлимдеги,
Төрткүлден басланады.

Мениң Қарақалпақста-
ным,
Төрткүлден басланады,
Көргенде нурлы аспанын,
Көкирегиң йошланады.

Қушағы гүлдей көркем,
Берекет кеткен дарып,
Гөззаллық усы жерден
Турғандай старт алып.

## БӘРЕКЕЛЛА, ЗАМАНЫМ!

Ҳәзир билгенлерин бурын билгенде,
Ҳәмме дәстан болар еди тиллерде.
Бир қазаннан аўқат ишип бес келин,
Ҳәм берекет турар еди бир жерде,
Айбатынан аскар таўлар сескенип,
Бенделерин қоллар еди пирлер де....

Ҳәзир билгенлерин бурын билгенде,
Қызлар сулыў болар еди ҳүрден де.
Бизди қоршап турған ана тәбият,
Мегзеп турар еди бәлент минберге.
Әдеп—икрам ийман—ислам, шәрият,
Ушып қонар еди гүлден—гүллерге.

Ҳәзир билгенлерин бурын билгенде,
Мен ҳәм минер едим жорға жүрмелге.
Бахыт тилер едим ҳадал тер төгип,

Өз мийнети менен өмир сүргенге.
Ата-бабалардың аңыз ертегин,
Айтып берер едим „Мың бир түнлерге..."

Ҳәзир билгенлерин бурын билгенде,
Бәлким сен ҳәм көрер едиң бир келле?
Шапаның шақ болып, кеўлиң пәк болып,
„Тышқан тесиги болмас еди мың теңге"...
Күле шырай берген адам көп болып,
Дүнья гөззал болар еди гүлден де...

Ҳәзир билгенлерин бурын билгенде,
Бир әрмансыз болар еди бул бенде.
Артып бир—биреўдиң қәдир—қымбаты,
Ҳеш ким түспес еди ески сүрдеўге.
Еркин нәпес алып, нық қәдем атып,
Қысқа жип ҳәм келер еди гүрмеўге.

Әй, яранлар! Келдик жақсы күнлерге,
Жүз мың қәтле шүкир етиң бул демге?!
Мустақиллик майданының самалы,
Елпип есип атыр бүгин үлкемде.
Бәрекелла! Рахмет саған, заманым,..
Бурын билмегенди—ҳәзир билгенге!..

## АҚ ҚУЎДЫҢ ӘЖЕЛИ

Ақ қуў еди келген бир аққубадан,
Жүрген жери—жайнаған жақты жәҳән...
Пайманасы толғаны жәниўардың,
Бәринен де бетер көп батты маған.

Ол Аралда туўылып өскен еди,
Өскен еди ойламай ҳештеңени.
Ушса—бир қус, отырса—және бир қус,
Оны айтсам, көзиме жас келеди.



Өзиндей сулыў еди минези де,
Қайыл еди не тийсе—үлесине.
Бирақ ол тайын еди Арал ушын,
Тәғдирлердиң ҳәр қандай гүресине.

Жәниўардың көзлери дөңгеленип,
Дүр силкинген гезелерин көрмеп едик.
Сағынып жүрген шығар тодасын деп,
Ретинде итибар бермеп едик.

Өзимди өзим тежеп тергейин деп,
Қолымнан ар-намысты бермейин деп,
Жатыр ол жаратқанға жан тапсырып,
Аралдың жоқ болғанын көрмейин деп.

Кеше жаўған қар бүгин ерип атыр,
Ериген қар жерге нәр берип атыр.
Ол мәңгиге уйқыға кеткен менен,
Өмириниң даўамын көрип атыр.

Ҳәзир оның қанаты талып атыр,
Аңызақ жел пәрлерин алып атыр.
Лашы қулап жатса да, сулыўлығы
Теңиздиң жағасында қалып атыр.

Ол Аралда туўылып өскен еди,
Өскен еди ойламай ҳештеңени.
Садық болып өскен соң Ўатанына,
Оннан жыртқыш аңлар да сескенеди...

## АРАЛ

Сен жатырсаң, ушардан атып
Түсирилген торы ала ғаздай.
Қыйғырасаң қансырап жатып,
Басқа көрген азабың аздай.

Сур мерген ким буққы таслаған?
Енди саған парқы жоқ оның.
Айралықтың жәбирин тартсаң хәм,
Қыя шөл де қызып тур жоның.
Туўылған жер топырақларына,
Баўырыңды берип атырсаң.
Оның аяқ соқпақларынан,
Кең дуньяны көрип атырсаң.
Қалмайсаң сен хәргиз тасада,
Сен қуяшқа усайсан, Арал!
Усы дуньяқанша жасаса,
Сен ҳәм сонша жасайсаң, Арал!

## МУҒАЛЛИМ

Муғаллим—ол артист, бирақ та,
Оған хеш ким қол шаппатламас.
Скульпторға кетер усап та,
Лекин, оны баҳалаўшы аз.
Муғаллим—ол врач, бирақ та,
Елестирмес емлегенлери.
Мегзейди тап том-том китапқа,
Маңлайының терлегенлери
Муғаллим—ол мийнеткеш адам,
Бинят болған қуяштан, нурдан.
Неге десең: хәр бир баладан,
Жаратар ол ҳақыйқый инсан...

## АНА ТИЛИМ

Ана тилим—ада болмас байлығым,
Мақтанышым, оңнан туўған ай, күним.
Қырқ мың қызыл алтынға да бермеймен,
Хәттеки бир ашыўымның қайтымын.
Түрки тилим—көп тарийхтың гүўасы,
Мәртлик оған болған мудам мүнәсип.



Массагеттен мәнили сөз еситип,
Душпанлар да салпаўсыған жуўасып.,.
Жийен—жыраўдың қуўраған қыл қобызы,
Тийегинде сақлаған сөз мағызын.
Ҳақыйқатты айтқаннан соң Күнхожа,
Хийўа ханнан алған сарпай, ҳақысын...
Ана тилим—ары болып бабамның,
Көшин тартып келген нешше заманның.
Егер жолда ол да жазым болғанда,
Қарызға тил берип турар оған ким?.,.
Ана тилим—абырайым, мәртебем,
Оған тайын жуўабым бар келтеден:
—Өз тилимде арыз айтайын,оннан соң,
Ықтыярың, өкинбеймен өртесең...
Ана тилим—мениң ата-анам бул,
Ҳәм түби бир—шайқатылған шақам бул,
Олар менен бирге өмир сүрмесем,
Керек емес маған жақты жаҳан бул!

## ӨЗБЕКСТАНСАҢ!

Интизам үйренип Әмир Тимурдан,
Ул-қызлары гүлден липас жамылған,
Ҳәр қәдемде ҳәзирети Наўайы
Ҳәм Бабурдың талантына табынған
Тарийхы арылан, Өзбекстансаң!
Берекет дарыған, Өзбекстансаң!

Устазларын уллы санап атадан,
Душпанларды дәс майданда матаған.
Уллылықты үлги тутып бәрҳама,
Бирин-бири батырым деп атаған,
Өз бахытын қорыған, Өзбекстансаң!
Жер-жаҳан таныған, Өзбекстансаң!

Топырағы—зер, халқы—зергер бурыннан,
Тәбияты қалыспас хеш Қырымнан.
Адам түўе, көкте ушқан кұслар да,
Бул мәканға мойын созып бурылған.
Жаханге жар урған, Өзбекстансаң,
Әлемге танылған, Өзбекстансаң!

Күн шығыста сан—зияратханасаң,
Инсан ушын мудам ақыл-санасаң.
Ғәрезсизлик байрағының астында,
Буннан да зор дияр болып қаласаң.
Өзиңе исенген, Өзбекстансаң!
Уста, ис билермен, Өзбекстансаң!

Фитрат хәм Шолпанды жаратқан топырақ,
Саған бул теңеўлер еле азырақ,
Бердақ, Наўайыдан саўат ашқан соң,
„Шар китаптай“ болып турсаң өзиң-ақ.
Ақылым, кәмилим, Өзбекстансаң!
Аспаныў-зәминим, Өзбекстансаң!

Шад болып руўхы Шараф аканың,
Гезер кең салалы ата-мәканын.
Пүткил планета тән алды бүгин,
Ислам Каримовтың азат Ўатанын.
Сен, хәмийше азат, Өзбекстансаң!
Әлемге муҳаббат, Өзбекстансаң!

Президенттин хәр шығарған пәрманы,
Иске асырды пухараның әрманын.
Таң қалдырып атыр пүткил дүньяны,
Хәр бир атқан таңың, сүрген дәўраның.
Тасып турған йошым, Өзбекстансаң!
Жақсы кеўил-хошым, Өзбекстансаң!

Сен енди еркин ел—Мустақил болдың,
Және уллылықтың устазы болдың.
Хамид Әлимжанның қосығы хәмде.
Абдулла Қаххардың қыссасы болдың.
Қосығым, дәстаным, Өзбекстансаң!
Бағларым, бостаным, Өзбекстансаң!

Жетпис төрт жыл илинип тек қармаққа,
Ериспедик хеш ўақта тең салмаққа.
Ғәрезсизлик – мустақиллик илайым,
Қайтып таққан жүзик болғай бармаққа.
Көктеги қуяштың нуры азайса-әм,
Сен, Наўайы, Бердақ болып жасайсаң!

Мустакиллик байрам мүбәрек болсын,
Ашықлар ышқында гүбелек болсын,
Бул дүнья басланып биссимилладан,
Дин мусылман—моллам дөгерек болсын!
Өзбеклер—өз ағам! Сен жулдыз, айсаң!
Дүнья қанша турса, сонша жасайсаң!

Қәдирданың, қарақалпақ қардашың,
Тартып келер ар-намыстың арбасын·
Мустакиллик берген мәртебе, бахыт,
Жаңа қосық, нама болып жаңласын!
Туўылған мәканым, Өзбекстансаң!
Жайнаған жаханым, Өзбекстансаң!

* * *

Бул аспан бизден хәм бурын бар болған,
Бул аспан бизден хәм соңра қалады.
—Өзбекстан деген бир дияр болған,—
Деп соңғы әўладлар хатқа салады.

Арзыў-әрманларын ата-бабаның,
Бул ел ис жүзине асырған дейди.
Өзлери орнатып әдил заманын,
Жолларына гүллер шашылған дейди.

Оны тыңлап пүткил планетаның
Қарапайым халқы кеўли хош болар.
Арзыў-әрманлары ата-бабаның,
Адамзатқа илҳам болар, йош болар.

Мустақиллик деген теберик сөзди,
Сонда пүткил дүнья оқыр қайтадан.
—Бизлер—азат еттик өз-өзимизди!—
Деп биринши болып өзим айтаман...

*31-август, 1992-жыл.*
*Ташкент қаласы*

## ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫР

Әжинияз шайырды сүймеген жүрек,
Бул айлы әлемде болмаса керек.
Болған жағдайда да, оның бир сөзин
Ҳеш қәтиб өзгерте алмаса керек.
Ол—туўылған жерин, өскен иргесин,
Жипек сабақ пенен торласа керек.
Ҳәр ким сондай етип сүйсе үлкесин,
Қурғақ сөзге орын қалмаса керек...

„Жер ҳәм ел билендур, ел ҳәм жер билен",
Деген бир қатарды талла енди сен?
Түрки тилге түсинбегенлерди де
Айықтырып жиберер ол дәртинен.
Демек, сонда барлық ўәжли әңгиме,
Демек, барлық ҳақыйқаттың бәнти сен!
Мәртлик мийрас болсын десең мәңгиге,
Зийўардай болып сүй туўылған елди Сен!

Әжинияз дүньяға келмегенинде,
Хожбан қайдан билсин сениң елинди.
Қайдан билсин қыр ақыны—Қыз—Меңеш
Жылына үш писер жемислеринди...
Ол пүткил әлемге мәлимлеп отыр,
Сениң де, мениң де мәрт екенимди.
Ол пүткил дүньяға дәлиллеп отыр,
Өтирик айтпайтуғын халық екенимди...

*17-декабрь, 1993-жыл.*

## ПРЕЗИДЕНТ МЫРЗАЛАРҒА

Хош келдиңиз, Президент мырзалар!
Қәдемиңиз нур үстине нур болар.
Бәлким, быйыл берекетли жыл болып,
Арал бойы жайнап турған гүл болып,
Әмиўдәрья миллион тилде жырланар...

Жолыңызға айдай қарап Арал да,
Арзыў-ҳалын айтажақ дос-яранға.
Бүлбиллерди айтпағанның өзинде,
Өзлериниң үлкесинде ҳәзир де,
Өрдек-ғазлар көл таппай жүр қонарға...

Теңиз беттен ескен салқын самаллар,
Алып келер Аралдан көп хабарлар.
Қалаларды айтпағанның өзинде,
Дүбелей, шаң көтерилген гезинде,
Жәбирин көп тартып атыр жабанлар...

Бәри—дузлы самаллардың салдары,
Мүшкил болды тоғайлардың ҳаллары.
Қуслар қонып қуўрап қалған путаққа,
Жазыў ушын ҳәтте „қызыл китап" қа,
Ҳайўанаттың ҳасыл түри қалмады...

Тәбиятты қорғаймыз деп көп адам
Келип, мәзи қарап кетти жағадан.
Арал қәддин тиклер еди қашшан-ақ,
Илаж қанша?... Таза жолдан баслап-ақ,
Қутқарайық оны жәбириў-жападан?..

Енди барлық арзыў-үмит—Сизлерде,
Сизлер шешкен ийгиликли ислерде.
Аралымыз аман болып, илайым,
Бәршени қуўантып қәдир-қудайым,
Жақсы нийет-жолдас болғай бизлерге!...

Бирәдарлар, бир рәҳийим етиңлер,
Жыламасын ата-ана ҳәм жетимлер?
„Жақсыдан-шарапат"—деген сөзлер бар,
Жолыңызға инкәр қара көзлер бар,
Олардың көз жасын көрип кетиңлер?...

Хош келлиңиз, Президент мырзалар!
Қабыл етиң хан кескендей бир қарар?
Ҳәммемизде мақсет-тилек бир болып,
Пүткил әлем нур үстине нур болып,
Аралына қайтып келгей тырналар?!...

*3-январь, 1994-жыл.*

## БИЗ НЕГЕ СҮЙЕМИЗ ӨЗБЕКСТАНДЫ?

Адам, адамға—дос туўысқан, жолдас.
Таң атыў, күн батыў—бурыннан заңлы.
Айды етек пенен жасырып болмас,
Тиреп турған адам жоқ бул аспанды,
Сонда, ҳақыйқатын айт сен заманлас,
Не ушын сүйемиз Өзбекстанды?

„Бердақ—Наўайыдан саўат ашқан" деп,
Айтайын деп турғаныңды билемен,
Дурыс ол ҳаққында тарийх, дәстан көп,
Бирақ, басқа дүнья—бүгин бул әлем.
Сол дәўирде жасағанда „Ашнам деп!"
Наўайыға мен ҳәм қуллық қылар ем..

Себеби мен әўладыман Бердақтың,
Оннан уллы пәрўардигар—пирим жоқ.
Өлгенше ол жырлап өтти ел бахтын,
Оннан үлкен уллы зибан—тилим жоқ,
Соның ушын Бердақтағы әрўақтың,
Алдында ҳеш жасырарлық сырым жоқ.

Бизлер Өзбекстан, Ташкент дегенде,
Суңқардай шарықлап шыңға қонамыз,
—Өзбеклер--өз ағам!—десек әлемге,
Оны қайттан жаңғыртар кең даламыз.
—Исми-шәрипиң ким?—десе егерде,
Я Әлишер яки Бердақ боламыз.

Бул Өзбекстанды сүймеген жүрек,
Жети ықлымда да жоқ шығар бәлким.
Елдиң еркин нәпесине елжиреп,
Бүлбиллер ҳәм айтқан гүллерге дәртин.
—Дүньяға бир әзийз мийман келди деп,
Қуяш қутлы болсын айтады ҳәр күн..

Оның жипек жолларынан дизилип,
Жер-жаҳанге сап тартпаған кәрўан жоқ,
Бағларында бир ҳәм алма үзилип,
Жерге түсип я шақада қалған жоқ.
Ийман—ислам ҳаққындағы түсиник,
„Хәдис",„Қуран" болды, зыян болған жоқ...

Бүгин Өзбекстан, Ташкент дегенде,
Пүткил планета қулақ түрели,
Сақый қуяш нуры гөззал шәменге.
Бәҳәрдиң бәҳәрин баслап киреди,
Лебиз ҳәм ықрардай, хат ҳәм қәлемдей,
Науайы ҳәм Бердақ бирге жүреди.

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК

Ата—бабам Түркстаннан көшкели,
Көрген талай телпек дириллеспени...
Ҳадал жасап, ҳәтте балық усласа,
Қонағына гизнеген бел кеспени.
Соннан шығар, сақый болып ул-қызы,
Кең саҳраға зордан сыйып өскени...

Ата-бабам басқалардан сескенип,
Жасамаўды зинҳарлаған ескерип.
Жаў келгенде, арға шабар аттың да
Төрт туяғын көрген дейди тексерип.
Соннан шығар, Ерназардай ерлердиң
Талай дардың қыл арқанын кескени...

Ата-бабам айтып ақыл сөзлерин,
Душпанға да дос көрсеткен өзлерин.
Ғәрезсизлик ушын гүресип, ҳәтте
Тилегин тилеген дини өзгениң.
Соннан шығар, бир атяға бас ийип,
Бир қазаннан аўқат ишкен бес келин.

Ғәрезсизлик—ғәрип ата-анам бул,
Ақылы- кәмил, шын данышпан данам бул.
Сол мийрасым, сол байлығым болмаса,
Сынған ақша сыяқлыман мен ҳәм бир.
Соннан шығар,кең болып ҳәм тең болып,
Пухарасын мәрт етип тур заман бул!



## ЖАҚСЫ СӨЗЛЕРДЕН

Ҳәзир ҳәмме жерде өмир өзгерген:
Қулақ еситкенди қашшан көз көрген.
Ҳақыйқатлық деген ҳәзирети инсан,
Сайрап жибережақ егер сөз берсең.
Өмир өмир болып турған сыяқлы,
Садаған кетейин жақсы сөзлерден.

Ким шақырса, барып атыр „Тез жәрдем“,
Ким аҳ урса. налып атыр „Бес перден“...
Қатарының алды болалмаса да,
Қалған адам жоқ ҳәзирше көшлерден.
Адам адам болып турған сыяқлы,
Садаған кетейин жақсы сөзлерден.

Күни кеше көйлек кийген бөзлерден,
Балалықты мен де бүгин еслермен.
Сол жаслықтың жалт-жулт еткен жулдызын
Еле излеп таппай жүрмен ҳеш жерден.
Заман заман болып турған сыяқлы,
Садаған кетейин жақсы сөзлерден.

Толыбай дер: толып-тасып сөзлермен,
Сөзлегенде елдиң мәпин гөзлермен.
Кең жаҳанды көрип кеўилленсин деп,
Тәңирим маған еки бирдей көз берген.
Дүнья дүнья болып турған сыяқлы,
Садаған кетейин жақсы сөзлерден.

Ҳәзир ҳәмме жерде адам өзгерген,
Биреў—сөзге ерген, биреў—сөз берген.
Сен қайсы тәрептиң мәпин гөзлейсең,
Инсан сыпатында саған сөз берсем?
Ҳәр бир алған демлер, ҳәр бир қәдемлер
Ҳақыйқатты еситежақ бизлерден...

# МАЗМУНЫ

## Баламның баласына


Эй, перзентим . . . . . 3
Генже балама . . . . . 32


## Улымның үлкенине


Булақ ҳаққында қосық . . . . . 33
Аманбайлың үйи . . . . . 36
үгинниң ертеңи бар . . . . . 47
елин той . . . . . 48


## Қызым, тыңла


ыз перзент . . . . . 59
ра кемпир . . . . . 61
ызым Қумараға . . . . . 62
ызы бар үйдиң қосығы . . . . . 63
ызым Миясарға . . . . . 63


## Ашық айдын қосықлары


кмениң саз—айдымы . . . . . 67
ық айдын пирге . . . . . 67
кменлер . . . . . 69
көринди . . . . . 69
ажан аға . . . . . 70


## Хорезм қосықлары


Хорезмсең . . . . . 71
Бир кесе шай үстинде . . . . . 74
Ярым, сен билмесең . . . . . 75
Хорезм журтына барар болсаңыз . . . . . 77
Избан „қарақшы" . . . . . 79


## Бул әлемде оннан жақсы Ўатан жоқ


Естелик алдында . . . . . 84
Төрткүлден басланады . . . . . 84
Бәрәкәлла, заманым . . . . . 85
Ақ қуўдың әжели . . . . . 86
Арал . . . . . 87
Муғаллим . . . . . 88
Ана тилим . . . . . 88
Өзбекстансаң . . . . . 89
Әжинияз шайыр . . . . . 92
Президент мырзаларға . . . . . 93
Биз неге сүйемиз Өзбекстанды? . . . . . 94
Ғәрезсизлик . . . . . 96
Жақсы сөзлерден . . . . . 97

**Толыбай Кабулов**

**ЗАВЕЩАНИЕ**

*Сборник стихотворений*

*На каракалпакском языке*

*Издательство „Каракалпакстан“*

*Нукус—1995*

Редакторы *Әскербай Әжиниязов.*
Қарап шығарған *Көбейсин Ерназаров*
Художниги *Исмайыл Қыдыров.*
Тех. редакторы *Кеңесбай Бекниязов*
Корректоры *Сырғагүл Ерназарова*

ИБ 4728

Териўге берилген ўақты 13, 03. 95 ж. Басыўға руҳсат етилген ўақты 25. 07. 95 ж. Қағаз форматы 70Х108 $^{1}/_{32}$. Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқары усылда басылды. Көлеми 3,125 баспа табақ 4,37 шәртли баспа табақ 5,0 есап баспа табақ Буйыртпа № 141. Нусқасы 3000. Баҳасы шәртнама бойынша.

„Қарақалпақстан“ баспасы. 742000. Нөкис қаласы Қарақалпақстан көшеси № 9. үйи.

Қарақалпақстан Республикасы баспа сөз бойынша Мәмлекетлик Республикасының Нөкис полиграфкомбинаты 742000 Нөкис қаласы „Қарақалпақстан“ көшеси № 9